**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATÍNDAǴÍ QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI**

**QARAQALPAQ FILOLOGIYASÍ FAKULTETI**

**Fakultet dekanı:**
**______ doc. Q. Turdıbaev**
**(qolı) (f.i.sh.)**
**«_____» ______________2018 j.**

5120100-filologiya hám tillerdi oqıtıw (qaraqalpaq filologiyası) baǵdarınıń 4-kurs studenti Allambergenova Kumushtiń «**Sh.Seytov poeziyasında ekologiya teması**» degen atamadaǵı

# PITKERIW QÁNIGELIK JUMÍSÍ

Jaqlawǵa ruxsat berildi

Kafedra baslıǵı: f.i.k.doc. A.Dosımbetova ______________________________ (qolı)

Ilimiy basshı: doc. Q. Turdıbaev ________________________ (qolı)

«_____» ______________ 2018 j.

**Nókis – 2018 jıl**

**Mámleketlik attestaciya komissiyasınıń**

**QARARÍ :**

5120100 – filologiya hám tillerdi oqıtıw (qaraqalpaq filologiyası) bağdarın pitkeriwshi Allambergenova Kumushtiń «**Sh.Seytov poeziyasında ekologiya teması»** degen atamadağı pitkeriw qánigelik jumısına "______________" bahası qoyılsın.

**MAK baslığı:**__________________ ___________________________

(qolı) (f.i.sh)

**MAK ağzaları:**

___________________ ________________________
(qolı) (f.i.sh)

___________________ ________________________
(qolı) (f.i.sh)

___________________ ________________________
(qolı) (f.i.sh)

___________________ ________________________
(qolı) (f.i.sh)

___________________ ________________________
(qolı) (f.i.sh)

___________________ ________________________
(qolı) (f.i.sh)

___________________ ________________________
(qolı) (f.i.sh)

MAZMUNI

KIRISIW………………………………………………………………… 3

I BAP. SH.SEYTOV POEZİYaSI: IDEYA-TEMATIKASI, PROBLEMASI……………………………………………………………

1.1.Qaraqalpaq ádebiyatında ekologiya máselesiniń sáwleleniwi…..

1.2.Sh.Seytov poeziyasınıń ózine tán ózgeshelikleri…………………

II BAP. Sh.SEYTOV POEZİYaSINDA EKOLOGİYa TEMASI

2.1. Sh.Seytov lirikasında insan hám tábiyat máselesi……………….

2.2. «Sárkarda hám túyege aylanǵan arqarlar haqqında qobız benen jırlanatuǵın ertek-dástan», «Qıyal atawı» shıǵarmalarınıń tematikası…………………………………………………………

JUWMAQLAW…………………………………………………………

PAYDALANI'LǴAN ÁDEBIYATLAR ……………………………

## KIRISIW

**Temanıń aktuallıǵı**. «Biz Ózbekstanımızdı dúnyaǵa tanıtpaqshı, onıń áyyemgi tariyxı hám jarqın keleshegin ulıǵlaw, onı áwladlar yadında máńgilik saqlamaqshı bolsaq, eń dáslep ullı jazıwshılardı, ullı shayırlardı, ullı dóretiwshilerdi tárbiyalawımız kerek. Nege degende, ullı jazıwshı Sholpannıń aytqanınday, «Ádebiyat jasasa – millet jasaydı» degen edi birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov ádebiyattıń jámiyette tutqan ornı haqqında[1]. Haqıyqatında da, kórkem ádebiyat - xalıq ómiriniń aynası. Usı kózqarastan qaraǵanda qaraqalpaq ádebiyatında dáwirlik problemalardı sáwlelendiriw arqalı jámiyet turmısın ashıp beriw dıqqattan shette qalǵan emes. Qaraqalpaq poeziyasınıń ótken ásirdegi sońǵı dáwirin izertlegen ilimpaz Q. Orazımbetov bul haqqında: «... qaraqalpaq lirikashılıǵı óziniń rawajlanıwında tómendegi belgilerge hám dástúrlerge iye bola basladı. Lirikalıq shıǵarmalarda kóbirek gumanistlik kózqaraslar ele de kúshlirek rawajlana basladı, shayırlarımızdıń kórkemlik izleniwshilikke dıqqatı kúsheydi. Xalıqtıń haqıyqıy tariyxına, turmısı menen mádeniyatına qızıǵıwshılıq arttı, sosiallıq hám ulıwma adamzatlıq mashqalaların: jaqsılıq hám jamanlıq, ómir hám ólim, ádep-ikramlılıq hám ruwxıy mashqalalardı sóz etiw baslı orındı iyeledi. Jámiyette bolıp atırǵan sociallıq, ekonomikalıq hám siyasiy ózgerislerdi intellektuallıq, ádep-ikramlılıq júzesinen analizlew nátiyjesinde jámiyetlik hám jeke sanaǵa tásir jasaytuǵın lirikalıq shıǵarmalar payda boldı»[2]. Mine, usınday sıpattaǵı bir qansha dóretpeler Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı, belgili shayi'r Sh.Seytovtın' qáleminen dóreydi.

Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı, Berdaq atındaǵı Mámleketlik sıylıqtıń laureatı Sh.Seytov qaraqalpaq ádebiyatı maydanında kóp

---

[1]Karimov I.A. Joqari ma'nawiyat – jen'ilmes kúsh. –Tashkent: Manaviyat, 2008. 13-bet.

[2] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формаилардың эволюциясы ҳәм типологиясы. – Нөкис: Билим, 2004.

jıllar dawamında dóretiwshilik etken sóz sheberleriniń biri. Ol ádebiyatqa 60-jıllarda shayır sıpatında ádebiyatqa kirip keldi. Dáslepki qosıqlar toplamı «Úshpelek» 1964-jılı baspadan shıqtı. Bunnan soń «Soqpaǵım meniń qaydasań» (1966), «Tawlardan saza» (1970), «Jollar» (1987) sıyaqlı qosıqlar hám poemalar toplamın dóretti. «Qaytarıp ber meniń Ámiwdaryamdı» qosıǵı bolsa, 90-jıllardaǵı ekologiya temasına arnalǵan qaraqalpaq publicistikalıq lirikasınıń eń jaqsı úlgilerinen biri bolıp qaldı.

Sh.Seytov 1970-1989 jıllarda «Xalqabad» atlı 4 kitaptan ibarat dáslepki roman-tetrologiyanı dóretti. 80-jıllardıń ekinshi yarımında «Shırashılar» romanı menen «Isine qosıp tigilsin» povesti qaraqalpaq prozasına jańa tematikalıq epkin boldı.

Sh.Seytov mektepti pitkerip, joqarı bilim jurtlarında oqıǵan, Qaraqalpaq baspasında, Qaraqalpaqstan jazıwshılar awqamında, «Ámiwdarya» jurnalında, mámleketlik radioesittiriw hám telekórsetiw komitetinde ádebiy jumıslarda islegen. Uluwma, ol 1959-1996 jıllarda ózinen ózin tabıw ústinde awır mashaqatlıjollardı basıp ótti. Ataqlı sóz zergerleri N.Dawqaraev, J.Aymurzaev, A.Begimov, S.Nurımbetovlardıń lapızlı poeziyasi Sh.Seytovtı qosıq jazıwǵa iytermeleydi. Bul dáwirlerdegi qaraqalpaq poeziyası tematikasınıń keńligi, janrlıq formalardıń hár qıylılıǵı, sanı hám sapası jaǵınan ósip rawajlanıwı menen belgilengen. Usı dáwirde xalıqlar doslıǵı, paraxatshılıq, eldiń abadanshılıǵı ushın jigerli miynet, muhabbat hám t.b. temalarǵa shıǵarmalar dóretiw kún tártibinde turdı. Sh.Seytov 60-jıllardıń basında–aq erkin qosıqtıńdáslepki úlgilerin dórete aldi. Shayırdıń poetikalıq izleniwshiligi, forma tabıwǵa bolǵan umtılıwshılıgı erkin qosıqlardı kóplep dóretiwine jol ashıp berdi.

**Temanıń izertleniw dárejesi.** Sh.Seytov dóretiwshiligi: lirikasındaǵı dástúriy hám jańa formalar sintezi máselesi prof.Q.Orazımbetov hám A.Dosımbetovalar, povestlerindegi kórkem

psixologizm máselesi J.Esenov, stillik izlenisler J.Sagidullaeva, romanlarınıń poetikası P.Nurjanov, romanlarınıń kórkem tili Z.Bekbergenova, «Xalqabad» roman-tetralogiyasındaǵı xarakter jaratıw máselesi J.Kaniyazova tárepinen arnawlı úyrenildi. Bunnan basqa da bir qansha ádebiy sın hám ilimiy maqalalarda da shayır dóretiwshiligi haqqında bahalı pikirler bildirilgen. Al shayır lirikasındaǵı ekologiya máselesi A.Dosımbetova hám Q.Turdıbaevtıń maqalalarında sóz etilgen. Sonday-aq, qaraqalpaq ádebiyatında ekologiya temasınıń súwretleniw máselesi boyınsha da bir qansha maqalalar jazılǵan[3].

**Jumıstıń maqseti hám wazıypalari:** Biz, bul pitkeriw qánigelik jumısımızda Sh.Seytov poeziyasındaǵı ekologiya máselesiniń súwretleniwin úyreniw maqset ettik. Usı tiykarda tómendegi wazıypalardı belgilep aldıq:

- qaraqalpaq a`debiyatında ekologiya temasının` su`wretleniw ma`selesin u`yreniw;

-shayır poeziyasınıń ideya-tematikalıq ózgesheligin anıqlaw;

-shayırdıń insan hám tábiyat problemasın sáwlelendiretuǵın lirikalıq qosıqların úyreniw;

- «Sárkarda hám túyege aylanǵan arqarlar haqqında qobız benen jırlanatuǵın ertek-dástan» ha`m «Qıyal atawı» shıg`armalarınıń problemasın úyreniw;

-ekologiya problemasın sáwlelendiriwde shayırdıń ózine tán ózgesheligi.

**Jumıstıń predmeti hám obyekti**. Pitkeriw qánigelik jumısında shayır Sh.Seytovtıń poeziyası, atap aytqanda ekologiya temasında jazılǵan publitsistikalıq qosıqları hám liro-epikalıq ha`m prozalıq shıg`armaların úyreniw obekti etip alınǵan.

---

[3] Нуржанов П. Дәуир талабы ҳәм көркем әдебияты. –Нөкис, Қарақалпақстан, 1993 ; Камалов Қ., Мәмбетов Қ. И.Юсуповтың «Посейдонның ғәзеби» аллегориясында экология мәселелериниң сүўретлениў өзгешелиги. //«Қарақалпақстан муғаллими», 2000, № 3-4. –Б.50-53. Турдыбаев Қ. Ш.Сейитов поэзиясында экология машқаласы. //Әмиўдәрья, 2010, №6.

**Pikteriw jumısınıń teoriyalıq hám metodologiyalıq tiykarları.** Pitkeriw qánigelik jumısın jazıwda dúnya hám tuwısqan xalıqlar ádebiyattanıw iliminde, jánede milliy ádebiyattanıw iliminde poeziya problemasın izertlewge arnalǵan L.İ.Timofeev, G.N.Pospelov, V.Xalizev, T.Boboev, İzzat Sultan, E.Karimov, S.Axmetov, K.Xudaybergenov, K.Mámbetov, G.Esemuratov, T.Mámbetniyazov, Q.Járimbetov, Q.Orazımbetov, P.Nurjanov, B.Genjemuratov, Z.Bekbergenova, Q.Turdıbaev, O.Gaylıeva, A.Dosımbetova sıyaqlı ilimpazlardıń ilimiy-teoriyalıq pikirleri menen poeziyanı izertlewge arnalǵan miynetleri teoriyalıq derek sıpatında xızmet yetti.

**Pitkeriw qánigelik jumısınıń qurılısı.** Jumıstıń kólemi 54 betten ibarat bolıp, Times New Roman shriftinde 1,5 interval aralıǵında terildi. Jumıstıń ulıwma qurılısı kirisiw hám juwmaqtan tısqarı, eki baptan ibarat. Jumıstıń sońında paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi berilgen.

## I BAP. SH.SEYITOV POEZİYaSI: IDEYA-TEMATIKASI, PROBLEMASI

### 1.1.Qaraqalpaq ádebiyatında ekologiya máselesiniń sáwleleniwi

Kórkem shıǵarmada jazıwshı jámiyetlik turmıstaǵı, adam táǵdirindegi qanday da bir máselelerdi, problemalardı kóteredi. Usı problemalardı qozǵaw arqalı óziniń aytajaq oy-pikirin, basqasha aytqanda ideyasın beredi. Sonday-aq jazıwshı kórkem shıǵarmanı dóretiwdiń barısında belgili bir kózqaraslardı, printsiplerdi basshılıqqa aladı. Olardı ózi jaratqan obrazlarǵa sińdiredi. Demek, kórkem shıǵarmanıń mazmunı temadan, problemadan hám ideyadan turadı eken. Tema-bul kórkem shıǵarmanıń sáwlelendiretuǵın turmıslıq materialı, syujetlik materialları.[4]

Al «A`debiyattanıw atamalarının orıssha-qaraqalpaqsha túsindirme sózliginde» (Nókis, Bilim. 1994) bul terminge tómendegishe anıqlama beredi:

«Tema (grekshe thema – bir nárse, predmet sózinen). Kórkem shıǵarmanıń aldına qoyǵan tiykarǵı máqseti hám problemması. Kórkem shıǵarmanıń teması neler haqqında hám qaysınday máseleler tuwralı pikir júritiwdi anıqlap alıwı bolır esaplanadı. Bularsız sap kórkem shıǵarma júzege keliwi múmkin emes. Sonıń ushın da V.Kataev: «Barlıǵınan da burın tema payda boladı, payda boladı da jazıwshını azapqa saladı» dese, al R.Gamzatov «Tema degeniń ólgen balıq sıyaqlı qarnın joqarı qaratıp ómirdiń betinde júrmeydi. Tema tereńde, aǵıs arasında» dep jazǵan. Demek, dáwirdiń áhmiyetli máselelerin taba biliw kórkem shıǵarmaǵa tema tańlawdıń negizgi shártleriniń biri hám ol ideya menen de tıǵız baylanıslı. Bulardıń barlıǵı jazıwshı

[4] Жәримбетов Қ. Әдебияттаныўдан сабақлар. Нөкис: Қарақалпақстан, 2012. –Б.20.

sheberliginen, ómirlik hám dóretiwshilik tájiriybelerinen kelip shıǵadı[5].

XX ásir ádebiyatınıń rawajlanıw tariyxına názer awdarsaq, ekologiya mashqalasına usı ásirdiń birinshi yarımında jazıwshı-shayırlar dóretiwshiliginde derlik arnawlı sóz etilmegen. Kerisinshe, bul aralıqtaǵı shıǵarmalarda Ámiw hám Aral tolqınları tawday, asaw dárya, yamasa «Bulqıysań, Ámiwim, zuwlap bulqıysań, Pamir tawlarınan bizge shulǵıysań» dep kóterińki ruwxta jırlanǵan.

Ádebiy protsesstegi bul kóterińki ruwxtaǵı súwretlew 80-jıllardıń ortalarına deyin dawam etken. Ámiwdiń suwı tartılıp, Araldıń qurıp ketetuǵınlıǵı, onıń ornına házirgidey sahra, shólistanlıqlardıń payda bolatuǵınlıǵı heshkimniń de qıyalına kelmegen. 70-jıllardıń aqırı 80-jıllardıń basında ekologiyalıq apatshılıq ulıwma xalıqlıq mashqalaǵa aylanǵanınday, usı dáwirlerden baslap ádebiyattıń da tiykarǵı temalarınıń birine aylana baslaydı. Shayırlarımızdıń «Qaytarıp ber meniń Ámiwdryamdı» sıyaqlı elegiyalıq-joqlaw ruwx eń dáslep «Aral - jerdiń kógildir kózi», «Aralım - dártim meniń», «Dala sazları» sıyaqlı kórkem publitsistikada, ocherklerde óz sáwlesin tapqan.

Usılayınsha publitsistikada baslanǵan ekologiya teması sońın ala T.Qayıpbergenovtıń «Kózdiń qarashıǵı», «O dúnyadaǵı atama xatlar» romanlarınıń, K.Allambergenovtıń «Jer monologı», «Kúshik hám bala» gúrrińleri menen «Quslar qaytqan kún» povesti hám «Dárya tartılǵan jıllar» romanınıń, Ó.Ótewlievtiń «Teńizdiń jini» povestiniń h.t.b. shıǵarmalardıń tiykarǵı tematikasına aylandı.

Qaraqalpaqstan hám Ózbekstan xalıq jazıwshısı, Ózbekstan qaharmanı T.Qayıpbergenov Aral, ekologiya mashqalasına ǵárezsizlik dáwirinen burınıraq dıqqat awdarǵan kórkem sóz sheberi. Ol óziniń «Bir kese sút», «Aral - jerdiń kógildir kózi», «Ulıwmalıq dártimiz»

---

[5] Ахметов С.. Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. –Нөкис: Билим, 1994, -Б.210.

atlı ocherk, esseleri menen Aral apatshılığı mashqalasın pútkil dúnyalıq kólemge alıp shıqtı, hátte Moskvada sezd minberlerinen shığıp sóyleydi.

T.Qayıpbegenovtıń ocherk, esselerindegi ekologiyalıq mashqala «Kózdiń qarashığı» romanında keń epikalıq masshtabta haqıyqıy kórkem sáwleleniwin tapqan. «Kózdiń qarashığı» romanında súwretlenip atırğan dáwirdiń kún tártibinde turğan kadrlar siyasatı, qosıp jazıwshılıq hám kóz boyawshılıqqa, paraxorlıqqa, adamlar turmısındağı jat ádetlerge, olardıń sanasındağı eskiliktiń qaldıqlarına qarsı gúres máselesi sóz etiledi. Romandağı waqıyalar sol dáwirdiń, sonday-aq búgingi kúnniń de ózekli máselesi, jer-suw, ekologiyalıq máseleler menen tikkeley baylanısta rawajlanıp baradı. Hadallıq, pák húјdan – «Kózdiń qarashığı»nıń tiykarğı ideyalıq bağdarı sanaladı.

Durıs, húјdan tazalığı ushın gúres 80-jıllardağı awqamdağı xalıqlar ádebiyatınıń baslı teması boldı. Sol dáwirde jazıwshılar mámleket turmısında háwij alıp atırğan ayırım unamsız qubılıslardı óz dóretiwshiliginde súwretlep bere aldı. Mısalı, belgili qırğız jazıwshısı Shıńğıs Aytmatovtıń «Boranlı bándirgi» («Ásirge tatırlıq kún»), Nodar Dumbadzeniń «Máńgilik nızamı», Yuriy Bondarevtıń «Oyın» romanları hám usılarğa jaqın ruwxta bir neshshe ideyalıq-kórkemlik jaqtan jetilisken qunlı shığarmalar dóretilgen. Eger, bul mağlıwmatlardı qaraqalpaq ádebiyatınıń mısalları menen tolıqtıratuğın bolsaq, qaraqalpaq jazıwshılarınıń da, atap aytqanda O.Ábdiraxmanovtıń «Bosağa», K.Mámbetovtıń «Húјdan» romanların hám bir qansha lirikalıq shığarmalardı aytıp ótsek boladı.

Tábiyat, ekologiya probleması belgili jazıwshı T.Qayıpbergenovtıń «O dúnyağa atama xatlar» romanında da óz sáwlesin tapqan. Jazıwshı Keńesbay Allambergenovtıń dóretiwshiliginde de 70-jıllardan berli insan hám tábiyat baslı temalardıń birine aylanıp kiyatır. Máselen, onıń qaraqalpaq hám ózbek

tilinde járiyalanǵan «Jer monologı», «Kúshik hám bala», «Quslar qaytqan kún» povest hám gúrrińleri usı tematikaǵa baǵıshlanǵan shıǵarmalar. Jazıwshınıń «Jer monologı» gúrrińinde insan hám tábiyat arasındaǵı quramalı hám sırlı qatnastıń názik tárepleri ashıp beriledi. Gúrrińdegi Ana-jer (Aq tóbe), Aq qozı, Xojabay obrazları arqalı jazıwshı adam hám tábiyat birliginiń, úylesimliliginiń qúdiretli kúshin kórsetiwge umtılǵan. Al, «Kúshik hám bala» (1976) gúrrińinde bolsa bul birliktiń buzılıw aqıbetleri, tragediyalıq jaǵdayda kórsetilgen. «Quslar qaytqan kún» (1979) povesti jazıwshınıń ekologiya temasında balalar turmısınan alıp jazılǵan eń sátli jazılǵan povesti bolıp tabıladı. Avtor povestte stixiyalı túrde tábiyattıń qas jawı bolıp alǵan brokoner Paraxat degen balanıń obrazın jasaw arqalı jazıwshı insan hám tábiyattıń óz-ara baylanısı máselesin ulıwma xalıqlıq, ulıwmainsanıylıqtı, paraxatshılıqtı qorǵaw máselesi menen sheber ushlastıra alǵan. Avtordıń 1992-jılı baspadan shıqqan «Dárya tartılǵan jıllar» romanında da ekologiya teması sáwlelendirilip, onda dáryanıń suwınıń qaytıwı, tartılıwına úlken poetikalıq máni júklegen. Bul arqalı ol ótken ásirdiń sońǵı 20-30 jılı ishindegi xojalıqtı basqarıwdaǵı buyrıqpazlıq, óz halına taslap qoyıw, aqıbetin oylamay jobalastırıwlardıń saldarınan ekologiyalıq jaǵdaydıń kelip shıǵıwı, adamlar sanasınıń ózgeriwin, yaǵnıy ekologiyalıq jaǵdaydıń ruwxıy ómirimizge tásirin ashıp kórsetiwdi niyet etken. Avtordıń bul niyeti bas qaharman Jalǵas Nazarovtıń obrazı arqalı ashıp beriledi.

Jazıwshı Ó.Ótewlievtiń «Teńizdiń jini» povestinde («Erkin Qaraqalpaqstan», 2000-jıl, №118-130) jas óspirim Dármenbay, onıń atası Oljabay garrı, kempir apası obrazları júdá sheber túrde jazılǵan. Olardıń tek ózlerine tán júris-turısı, psixologiyası, dúnya tanımı, umtılıs hám tilekleri, usıǵan sáykes stili, háreket hám múmkinshilikleri bar. Povestte qorlanǵan, adamlar tárepinen biyshara halǵa keltirilgen tábiyat, Aral teńiziniń simvolı sıpatında súwretlengen

mifologiyalıq obraz – ǵarrı obrazı júdá sheber jaratılgan. Bala Dármenbay hár qanday qıyın halatqa túskende janında tayın bolatuǵın ráwiyatlardaǵı Qıdır ata sıyaqlı háreket etetuǵın bul obraz povestttiń kórkem dúnyasına romantikalıq hám mifologiyalıq sıpatlardı sińdirip turadı.

Kórkem publitsistika hám prozadaǵı sıyaqlı ekologiya teması poeziyada hám baslı temaǵa aylandı. Bul problema haqqında qosıq dóretpegen shayır kemnen-kem desek asıra aytqan bolmaymız. Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı, Ózbekstan Qaharmanı İ.Yusupovtıń xalıqqa keń tanılǵan «Aral elegiyaları», «Korablller qoyımshılıǵındaǵı eles», «Anemiya», «Ońbaǵırlar, sattılar seni» h.t.b. qosıqları aytıp ótiw múmkin. Sonday-aq bir qansha poemalar da usı temaǵa arnap jazılǵan. Mısalı, İ.Yusupovtıń «Poseydonnıń ǵázebi», «Búlbil uyası», «Máńgi bulaq», M.Seytniyazovtıń «Ámiw-Aral meniń ómirimde», Sh.Seytovtıń «Qıyal atawı», Sh.Ayapovtıń «Jan halatı», J.Óteniyazovtın «Sholaq jayın», O.Sátbaevtıń “Aral dártleri”, B.İmanovtıń “Ólip baratırǵan jarımjan Aral haqqında” sıyaqlı poemaları payda boldı.

Bul temada qálem terbetken shayır Shawdırbay Seyitovtıń eń belgili shıǵarması «Qaraqalpaq ǵarrısınıń qudayǵa qol jayıp jalbarınıwı» (yamasa kóbinese bul qosıq «Qaytarıp ber meniń Ámiwdáryamdı» dep atalıp júr). Shayırdıń derlik kópshilik publitsistikalıq qosıqlarınıń tiykarǵı teması-ekologiya máselesine arnalǵan. Keyingi bólimlerde shayırdıń bul problemanıń sáwlelendiriwdegi ózgeshelikleri haqqında sóz etiledi.

### 1.2. Sh.Seytov poeziyasınıń ózine tán ózgeshelikleri

Sh.Seyitov ótken ásirdiń 60-jılları óz zamanlasları hám qatarları Tólepbergen Mátmuratov, Kamal Mámbetov, Qonısbay Kamalov,

Tolıbay Kabulov, Uzaqbay Pirjanov sıyaqlı jas talantlar menen bir qatarda kórkem ádebiyatka kirip kelip, ómiriniń akırına shekem poeziyalık hám prozalıq dóretpeleri menen xalkımızdıń ruwxıy dúnyasın bayıtıwǵa óz úlesin qosqan belgili sóz sheberleriniń birine aylandı. Belgili shayır hám jazıwshı Sh.Seyitovtıń ómir bayanı haqkında sóz etpekshi bolsaq, mektep sabaklarına kirgen maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, ol 1937-jılı Túrkmenstannıń Góne Úrgenish rayonındaǵı «Seyit shúrteniń qalası» degen jerde tuwılǵan. Sh.Seyitovtıń shańaraq aǵzaları 1942-jılı Nókiske kóship keledi hám ol M. Gorkiy atındaǵı mektepte oqıydı. 1955-jılı orta mektepti tabıslı pitkergennen soń, 1957-1967-jılları «Qaraqalpaqstan» baspasında redaktor, 1967-1977-jılları «Ámiwdárya» jurnalında, 1972-1974-jılları televidenie hám radio esittiriw komitetinde redaktor wazıypaların atqaradı. Ol Jazıwshılar awqamında islep júrip, 1985-jılı Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universitetiniń qaraqalpaq tili hám ádebiyatı qánigeligin pitkerip shıǵadı. Sh.Seyitov ómiriniń aqırına shekem «Qaraqalpaqstan» baspasında bólim baslıǵı wazıypasında isledi. Dóretiwshilik jolın poeziyadan baslaǵan Sh.Seyitov 60-jıllardıń basında balalarǵa arnap «Úshpelek (1964) dep atalǵan qosıqlar toplamı menen kirip keldi. Sońınan shayırdıń «Soqpaǵım meniń qaydasań» (1966), «Tawlardan saza» (1970), «Jollar» (1987) poeziyalıq toplamları menen bir qatarda «Kóp edi ketken tırnalar» hám «Qashqın» (1969) sıyaqlı dáslepki povestleri hám «Iǵbal soqpaqları» (1975) dep atalǵan birinshi romanı basılıp shıqtı. Poeziya janrı menen prozada teńnen qálem terbetken kórkem sóz sheberi sońınan iri kólemli shıǵarmalar dóretiwge qol urdı. «İsine qosıp tigilsin» povesti menen «Shırashılar» (1986) romanı hám tórt kitaptan ibarat «Xalqabad» tetralogiyası (1978-1990) menen «Jaman shıǵanaqtaǵı Aqtuba» (1992) romanları izli-izinen basılıp shıqtı.

Talantlı shayır hám jazıwshınıń rus tilinde «Mnogo bılo uletevshix juravley», «Polden» kitapları basılıp shıǵadı.

Hár bir jazıwshı, shayır ushın kórkem awdarma – eń jaqsı sheberlik mektebi bolatuǵın bolsa, Sh.Seyitov kórkem awdarma salasında batıs hám shıǵıs ádebiyatınıń belgili sóz sheberleri Hafız, Ferdawsiy, Nawayınıń ayırım shıǵarmaların, A.S.Pushkinniń «Saltan patsha haqkındagı ertek», M.Lermontovtıń «Cherkesler» poemasın, L.Tolstoydıń «Sevastopol gúrrińlerin», V.Korolenkonıń «Jer astındaǵı balalar» povestin, N.A.Nekrasovtıń qosıqlar hám poemalardan ibarat «Jasıl shawqım» toplamın, Maqtımqulınıń hám Abaydıń qosıqların, S.Ayniydiń «Jetim» povestin, A.Mátjannıń «Ǵawıq qustıń qıyǵırıǵı» kitabın, P.Ershovtıń «Búkir tay» ertegin, sonday-aq, T.G.Shevchenko, V.Jukovskiy, R.Tagor, K.Simonov, Rimma Kazakova, Ray Otra, Mırza Tursınzada, Qaysın Kulievtıń, Erkin Vahidov, Jambıl Jabaev, Aǵa Lashınlı, Agasafa Yahyaev, Shákar Arıslan, Tájetdin Taymasxanov, Mırza Muxammedov, Kadır Mırzaliev, Aleksey Surkov, Rauf Galimov sıyaqlı qırıqqa shamalas jáhán klassikleriniń poeziyalıq hám prozalıq shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdarıp, olardın shıǵarmaları menen qaraqalpaq oqıwshıların jaqınnan tanıstırıwǵa eristi. Óz gezeginde shayır-jazıwshınıń kórkem shıǵarmaları da tuwısqan ózbek, orıs tillerinde basılıp shıǵadı. Sh.Seyitov dóretiwshilik islerinde qaraqalpaq awızeki ádebiyatı, klassikalıq ádebiyatı menen jazba ádebiyatın, qala berse batıstıń hám shıǵıstıń ullı sóz sheberleriniń shıǵarmaların qunt penen úyrenedi. Bul álbette, kórkem ádebiyat tarawında Sh.Seyitovtıń jemisli islewine óziniń paydalı tásirin tiygizdi hám óz ustaxanasına iye jazıwshılardıń qatarınan orın iyeledi. Solay etip, poeziya, proza, publitsistika hám awdarma salasında da tınımsız qálem terbetken talant iyesi Sh.Seyitovqa 1989-jılı Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı, 1990-jılı Qaraqalpaqstanǵa miyneti

sińgen mádeniyat xızmetkeri, 1992-jılı «Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı» degen húrmetli ataqları berildi.

Shawdırbay Seyitov talantınıń áyne tolısqan shaǵında 1996-jılı 59 jasında qaytıs boladı.

Shayırdıń balalarǵa arnalǵan dáslepki «Úshpelek» (1964) poeziyalıq toplamındaǵı «Jaz keldi», «Qar», «Tay», «Ókpelewdiń kesiri» sıyaqlı bir neshe qosıqları mektep sabaqlarınan orın alǵan. Bul qosıqlarında shayır balalardıń dúnyaǵa bolǵan kóz-qarasların, átirapında júz berip atırǵan ózgerislerge bolǵan qızıǵıwshılıǵın balalardıń ózine tán psixologiyalıq sezimleri menen sheber súwretleydi. Dóretiwshilik soqpaǵın poeziyadan izlegen shayırdıń «Soqpaǵım meniń qaydasań» (1966) dep atalǵan poeziyalıq toplamında bolsa, shayırdıń ádebiyat maydanında ózine tán soqpaq, ózine tán jol izlegeni toplamǵa kirgen watan tuyǵısı menen qosıla tuwılǵan jerge bolǵan perzentlik muhabbattı, jası úlkenge degen húrmet-izzetti, ana mehriniń ullılıǵın, tábiyat gózzallıǵın, dóretiwshilik qásiptiń qádir-qımbatın, muhabbat dártlerin, úlkemizdegi tariyxıy esteliklerge bolǵan tereń qızıǵıwshılıqtı, shın doslıqtı jırlaǵan bir neshe lirikalıq qosıqlarınıń ideya-tematikasında ayqın kórinip turadı.

Shayır «Dúnya maǵan gózzal kóriner» dep atalǵan dáslepki qosıqlarınıń birinde-aq dúnyanıń gózzallıǵı adamlardıń bir-birine bolǵan adamgershilikli hám doslıq qatnasıǵında ekenligin, doslıq hám awızbirshilik qashqan jerde gózzallıqtıń bolmaytuǵınlıǵın bılayınsha súwretlep beredi:

Qanday gózzal usı jer beti,
Lekin, mensiz bul da bir jetim,
Al, doslarsız gúllán niyetim,
Shólden ólgen búlbilge megzer,
Yaki solǵan bir gúlge megzer (17-bet).

Usılayınsha Sh.Seyitov dáslepki qosıqlarında-aq dúnyanıń gózzallıǵın, ómirge degen qushtarlıqtı, adamlarǵa bolǵan doslıqtı, súyispenshilikti, jaqsılıqtı jırlawǵa janı qumar, kewili keń shayır ekenligi sezilip turadı.

Shayırdıń ómir qubılısları haqqındaǵı oyları kem-kemnen tereńlesip, bayıp barǵanlıǵın «Tawlardan saza» (1970) toplamına kirgen xalıqlar doslıǵın jırlawǵa arnalǵan hám watanımızdıń taw-dalaların maqtanısh etken, jáne de urıs hám paraxatshılıqtı súwretlegen lirikalıq hám liro-epikalıq shıǵarmalarında keńnen sáwlelenedi.

Sh.Seyitovtıń sońǵı jıllardaǵı «Jollar» (1987) toplamına kirgen poeziyalıq shıǵarmaları shayır dóretiwshiliginiń áyne gúllengen dáwirinde jazılıp, jámiyette júz berip atırǵan siyasiy ózgerislerdi, el-jurt aldındaǵı sheshiliwi tiyis áhmiyetli máselelerdi, zamanlaslar júreginde qatıp qalǵan awır dártti, insanlar psixologiyasınan ótip atırǵan keshirmelerdi kórkem súwretlewleri menen ózgeshelenip turadı.

Onıń lirikalıq shıǵarmaları 1960-80- jıllardaǵı ádebiy protsesste ayrıqsha bir kórkem qubılıs sıpatında qaraqalpaq lirikasın mazmun hám forma jaǵınan bayıttı. Shawdırbay Seyitovtıń lirikası oqıwshını ruwxlandırıp, óz-ózine isenim hasıl etiwge, miyrim-shápáátli, hújdanlı, ar-namıslı bolıwǵa, Watanǵa sadıq bolıwǵa shaqıradı. Onıń qosıqları ideya-tematikası boyınsha burınǵı awqam dáwirindegi ideologiyalıq siyasattan da, ondaǵı bálent párwaz shaqırıqlardan jıraq bolıp, qarapayım insannıń tileklerin, niyetlerin, kúndelikli turmıs táshwishlerin súwretlewge baǵdarlanǵan. Shayır insannıń tábiyatına tán quramalılıqtı, onı túsiniw hám túsindiriwdiń qıyınlıǵın bılayınsha jazadı:

«Qısqalıq», «sıńǵırlı» dep,
Ózimnen qasha almayman.

İnsan-qulıp, ózim-giltpen,
Ózimdi-hám asha almayman.

- degen qatarlarda shayır insan kewiliniń názikligine, sırlılıǵına ishara etedi.

Qosıqların dúrkinlep jazıw, dara qosıqların da belgili bir tema átirapına jámlep beriw –Sh.Seytovtın jekke stili desek boladı.

Shayır «Tuwılǵan awıl» qosıǵında keshegi awıl menen búgingi awıl kórinisin hám onıń pútkilley ózgergenligin salıstırıp súwretleydi. Qosıqta shayır uzaq waqıt aralıǵın salıstıra otırıp, búgingi awıldıń jańasha túske engenligin, sońǵı jańalıqların kórkem sıpatlap beredi.

Sh.Seyitovtıń balalıq dáwiri urıs jıllarında ótedi. Ol óz kózi menen kórip, qulaǵı esitken urıs aqıbetlerin, urıs mayıpların, jaqınınan ayrılǵan awıl adamlarınıń qayǵı-hásiretlerin, analardıń, jas kelinsheklerdiń, qızlardıń arzıw-ármanların, ayralıq azapların óziniń «Hár bir qosıǵımda urıs sarsıǵı» dep atalǵan qosıqlar dúrkininde tereń asha aldı.

«Urıs mayıbı» dep, bizdi-hám atańlar,
Usı «lawazımǵa» qılmań tarshılıq !
Qashshan mayıp soldat turdı qatarda,
Bizden jazılmaydı urıs sarsıǵı !...(22-bet).

Shayır ótmishke aylanǵan sol jıllardıń awır dártinen kewilleri jartı bolǵan insanlardıń da, urıs mayıpları menen bir qatarda ruwxıy mayıp halına jetkenligin usılayınsha tásirli bayan etedi.

Adam bar jerde qayǵı hám quwanıshta qatar júredi. Shayır sońǵı jıllardaǵı poeziyalıq shıǵarmalarında ólim menen ómirdiń, quwanısh penen qayǵınıń qatar júretuǵınlıǵın tereń filosofiyalıq mazmunǵa iye didaktikalıq qosıqlarında sheber súwretleydi. Shayırdıń sońǵı toplamına kirgen «Folklorshı Qallı Ayımbetovtıń otızımda aytsa da, qırıqtan soń gúrsindirgen aqılı», «Ákem Qazaqbay Seyitovtıń yadımda qalǵan aqıllarınan» qosıqlarında qanday qıyın jaǵday bolsa da,

ómirden túńilmesten onı jeńiwge, keleshekke úlken úmit hám isenim menen qarawǵa talpındırıwshı aqıl-násiyatları orın aladı. Shayırdıń «Ákem Qazaqbay Seyitovtıń yadımda qalǵan aqıllarınan» qosıǵında jası úlken atanıń perzentine aytqan bir neshe paydalı másláhátleri sıpatında beriledi. Qosıqta ómirlik qostardı durıs tańlawǵa, mártlikke shaqırıwǵa, páslik, nákaslıqtan awlaq bolıwǵa, jaqsı-jamandı ayırıp biliwge, birewlerge eliklemey ózińshe jol izlewge h.t.b. Ómir qubılısların tereń ańlap jetiwge jetelewshi tereń filosofiyalıq hám didaktikalıq oy-pikirleri úlgisinde beriledi.

Shayırdıń «Joralar» qosıǵı balalıqtan oynap-ósken qádirdan joralarına arnap jazıladı. Qosıqta balalıqtı ańsaw, ótken ómirine sın kóz benen baha beriw, búgingi kúni tarıday shashıraǵan joraların shın júrekten saǵınıw, olardı balalıqtaǵı pák hám sada sezimlerge qaytarıw, ásirese adamgershilik pazıyletlerdi qádirlep jasawǵa úndew ideyası kúshli beriledi:

-Ańlıspaq bar!-Ańqıldaw joq aqtarılıp!
Bári jalǵan!-Jalǵan qayǵıń, shadlıǵıń!
Eljirew joq, emireniw joq!-Tastaymız!
Qayda súttey balalıqtıń pákligi?!-
Sırtımız-dos, ishimizden qastaymız!
Nege búgin balalıqqa ógeymiz!
Maqsetten-hám qozǵamaymız áńgime?!
Bir-birewdi mázi shıńǵa teńeymiz...
... Ońısıwda emes, ómir mazmunı,
Ómir degen ólgenińshe arpalıs !
Kerek emes, arzan baxıt,-az qunı !
Saǵlam bolǵay arpalıslı ar-namıs ! (62-bet).

Shayır «Qaytarıp ber Ámiwdáryamdı» qosıǵı menen «Qıyal atawı» liro-epikalıq poemasında tábiyattı qorǵaw hám oǵan dıqqat-

itibardı kúsheytiw máselesin áyne waqtında súwretlegenlikten, bul shıǵarmalar xalqımız tárepinen de jıllı kútip alındı.

Shayırdıń ekologiya temasında jazılǵan qosıqları hám liro-epikalıq shıǵarmaları dóretiwshiliginiń bir bólegin quraydı. Bul temadaǵı shıǵarmaları tiykarınan XX ásirdiń 80-jıllarınıń ekinshi yarımında dóretilgen. Bul haqqında jumıstıń ekinshi babında sóz etiledi.

Ádebiyatshi S.Axmetov: «Sh.Seytov poeziyası basqalarǵa uqsamaǵan, bıraq orginal sıpatlar kórilip atır. Onda hár qıylı oy dizbekler, bir-birine qayshı keletuǵın oy-pikirlerdi biriktirip úylestiriwge umtılıwshılıq bayqalıp atır»[6].

Haqıyqatında da shayır dóretiwshiliginde erkin qosıq, yaǵnıy verlibr janrın rawajlandırıp, qaraqalpaq ádebiyatında poeziyanıń jańa formaların dóretti. Onıń poeziyalıq, prozalıq shıǵarmalarında sol dáwirdiń ashshı haqıyqatlıǵI'n súwretlep jazǵan.

Ádebiyatshı Q.Orazımbetov shayır poeziyasınıń ózine tán ózgeshelikleri haqqında bılay jazadı: «Sh.Seytovtıń shayır sıpatındaǵı eń tiykarǵı ózgesheliginiń biri ol bárqulla jańalıqqa umtıladı. Onıń lirikasında forma salasınd da, mazmun salasında da basqalarda gezlese bermeytuǵın jańalıqtı kóremiz. Ol óziniń prozaǵa sıymaǵan oyların poeziyaǵa sińdiredi. Jaydarı qosık formasına sıymaǵan oyların ózinshe jańasha forma tawıp soǵan engizdi. Házirgi erkin qosıq dep júrgen formanı da óziniń poeziyasında birinshilerden sınap kórgen Sh.Seytov bolıp tabıladı. Shayır qosıqqa yqas tańlawda da ádewir izlengen»[7]

Solay etip, talantlı shayır Sh.Seyitovtıń jasaǵan dáwiri hám ómiri, poeziyalıq shıǵarmaları menen prozalıq dóretpeleri de tariyxıy hám ádebiy faktlerge de oǵada bay bolıp, óz oqıwshısında úlken qızıǵıwshılıq oyatadı.

---

[6]Ахметов. С. Қарақалпақ совет поэзиясы. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.

[7] Оразымбетов К.Хазирги қараққалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. – Нөкис: Билим, 2004., -Б.136.

## II BAP. Sh.SEYİTOV POEZİYaSINDA EKOLOGİYa TEMASI

### 2.1. Sh.Seyitov lirikasında insan hám tábiyat máselesi

Sh.Seyitov «poeziyasında qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw-ekologiya mashqalasınıń súwretleniw ózgesheligi arnawlı izertlenbegenligi» haqqında f.i.k. Q.Turdıbaev aytıp ótken edi óz maqalasında. Haqıyqatında da bul másele elege deyin izertleniwin kútip turǵan máselelerden. Q.Turdıbaev shayırdıń «Keleshek górdeymeken, jerdi de jerleymeken!?», «Qaytarıp ber meniń Ámiwdáryamdı» qosıqların, «Qıyal atawı» shıǵarmasın tallawǵa tartadı. Sonday-aq shayırdıń bunnan basqa bir qansha poeziyalıq shıǵarmalarında bul problema óz súwretleniwin tapqan. Atap aytqanda, «Sarı atawda» sulap atır torańǵıl..», «Akademik Marat Nurmuxammedovtıń Túrkiya saparına atlanarda tuwısqan respublikanıń bir ilimpazına aytqanı», «Yadtaǵı mór», «Keleshek górdeymeken, jerdi de jerleymeken» qosıqların atap ótiwge boladı.

Ádebiyatshı ilimpaz P.Nurjanov shayır Sh.Seyitov poeziyasınıń ózine tán ózgesheliklerin ayta otırıp, bılay jazadı: «Sh.Seytovtıń 1987-jılı «Qaraqalpaqstan» baspasınan shıqqan «Jollar» qosıqlar hám poemalar toplamındaǵı dóretpelerdiń yarımı derlik verlibrlik formada jazılıwı menen biziń dıqqatımızdı ózine tartadı. Sonıń menen birge toplamdaǵı bir qansha sátli jazılǵan qosıqlar usı formaǵa kiredi. Bular: «Kimge, nege kerek?», «Tuńǵısh hasıl», «Qosıq jazılajaq», «Sen iship qoyǵansań», «Donjuannıń esine engendegi ariyası», «keshigip kelgen baxıt yamasa sók haqqında qosıq», «Ulım, saǵan aytaman», «Kel, teris qaytayıq», «Ekinshi neka» h.t.b.

Joqarıdaǵı qosıqlardıń kópshiligi derlik shayırdıń xalıqtın turmısına janı ashıwshılıq, ayırım adamlardıń ruwxıy jarlılıgına

ǵázepleniwshilik, jerdiń, tábiyattıń házirgi jaǵdayına qáweterleniwshilik ruwxında jazılǵan. Sonlıqtan da qatań uyqas, ritmdi talap ete bermeytuǵın verlibrlik qosıq forması shayırdıń oyın jarıqqa shıǵarıwǵa júdá mas kelgendey, bizińshe!»[8].

Demek, biz shayırdıń dóretiwshiliginde búgingi kúndegi eń áhmiyetli mashqalalardıń biri jer, suw máselelerin, elimizde qorshaǵan ortalıqtıń buzılıp baratırǵanlıǵI'n sońǵI' jılları Ámiwdaryaǵa suw kelip, xalıqtıń múshkili jeńillense de, Araldıń qurıp atırǵanı sıyaqlı maselelerge toqtap ótilgenin bayqaymız .

Anamız qulaǵanda,
"Shúkir et"! dedi ákem,
Bul gápte jılaǵanǵa,
Táselle boladı eken...
... Ákemiz qulaǵanda,
"Shúkir et dedi qostar.
El-xaliq bul saǵan da,
Ata-ana!-dedi doslar.
Qábirge qıydım zorǵa,
...Topıraǵıń torqa bolsın
Jan ákem ana jerdiń
Qoynında qala berdi...

Adam óliminiń qayǵI'lı ekenligi , biraq bársheniń basinda bar músiybet ekenligi hámmege ayan.

...Pul jaylap sanamızdı
Tıń jaylap ketip attı.
Tábiyat anamızdı,
Deńgene etip attıq!
Ámiwdi birew shalıp,

---

[8] Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. –Нөкис: Билим, 1993, -Б.12.

Gellesin birew aldı,
Talasıp túrli xalıq,
Terisi-aq bizge qaldı.
Oǵan da shıǵıp jarnaq
Abınıp qan jılastıq!
Ǵaǵırlap qattı jarǵaq,
Saqlawǵa jan talastıq!
-Jangenem ketpe qurıp!
Shalshıqtan búrkip urtlap!
Aral da duz suwırıp,
Shólden-aq óldi jurtta!!!
Hesh kim bul músiybette,
Ayta almas:”Shúkir et” dep!
Sanama qısıwmet bul,
Qısıwmet shadlıǵıma!
Balama músıybet bul,
Músiybet aqlıǵıma!...

Shayır ómirden ózi sezgen, kewiline túygen oy-sezimlerin, keshirmelerin kórkemlik penen jetkeriw ushın belgili forma, usıllar izleydi. Bul kórkem forma shıǵarmanıń emotsional tásirsheńligin, shayır ideyalarınıń ótkirligin támiyinlewge xızmet etiwi tiyis. Shawdırbay Seyitovtıń 1990-jıllarda dóretilgen «Qaraqalpaq ǵarrısınıń qudayǵa qol jayıp jalbarınıwı» dep atalǵan qosıǵında pútkil jer júzilik mashqalaǵa aylanǵan ekologiyalıq apatshılıq – Aral ekologiyası ózine tán formada kórkem sáwleleniwin tapqan. Qosıqta shayırdıń pikirdi beriwdegi ózine tán izleniwshiligi, dástúriy formadan paydalanıwdaǵı dóretiwshilik qatnası kózge taslanadı. Bul qosıq tuwralı belgili ádebiyatshı Q.Orazımbetov tómendegishe pikir bildirgen edi: «Biz onı házir payda bolǵan ekologiyalıq tragediyaǵa baylanıslı tuwılǵan

shayırdıń jeke gúyzeliske túsiwi, usı gúyzelis payıtında júreginen atılıp shıqqan ıssı hám tuwlap turǵan sezimlerdi qaǵazǵa túsiriw barısında qollanǵan forması, lirikalıq qaharman jaratıw, temanı ashıp beriw hám óz ideyasın beriw jolındaǵı tapqırlıǵı sıpatında qarawımız kerek»[9]. Qosıq forması bizge folklorlıq janr bolǵan tolǵawlardı esletedi. Sebebi, shıǵarmadaǵı qosıq qatarları 11-buwınlı, tórt qatarlı shuwmaqlar túrinde xatqa túsirilse de, onda sáwlelengen kórkem mazmun (lirikalıq qaharmannıń ishten atılıp shıqqan kúyinishleri, ǵázebi) oqılıw protssinde tolǵaw ırǵaǵında oqıladı. Yaǵnıy tolǵaw janrınıń kórkemlik qaǵıydaları jańalanǵan («Tolǵaw sózi «tolǵanıw» sózinen alınǵan. Demek, adam kewlindegi dárt, júrekti jarıp shıqqan debdiw. ...tolǵawdıń ırǵaǵı 7-8 buwınnan aspawı kerek. Bunıń baslı sebebi tolǵaw ırǵaǵınıń qobız namalarına boysındırılǵanınan bolsa kerek»[10]). Qosıqta tolǵawdıń mazmunlıq tamanına tán ózgesheligi (júrek dártlerin tolǵanıp jırlaw) saqlanǵan. Sonday-aq, qosıqtıń ruwxı, stili xalıqlıq poeziyaǵa jaqınlıǵı, adamlardıń yadlap alıwına, awızdan-awızǵa ótkeriwge qolaylıǵı dıqqatqa ılayıq. Shayır Shawdırbay Seyitov poeziyasında bul sıyaqlı ózgeshelikler kópshilik qosıqlarına, ásirese verlibr formasında jazılǵan dáslepki qosıqlarına tán (Mısalı, «Sen iship qoyǵansań»). Joqarıda aytıp ótilgen qosıq kórkem mazmundı sáwlelendiriw jolındaǵı shayırdıń izlenisin ańlatadı. Sebebi, shayır óz ideyaların, ruwxıy keshirmelerin kórkem sáwlelendiriw ushın mazmunǵa say formadan paydalanǵan. Qosıqta shayırdıń kórkem formalıq izleniwshiligi, kórkem sózden paydalanıw sheberligi, eń baslısı, mazmun menen formanıń sáykesligi úlken tabıs keltirgen. Ekologiyalıq mashqala, Aral boyı regionındaǵı ashınarlı jaǵday, xalıqtıń keleshek táǵdirine baylanıslı lirikalıq qaharmannıń júrek dártlerin, kúyinishlerin, gúyzelislerin beriwde tolǵaw forması oǵada

---

9 Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик изилениўшилик. –Нөкис: Билим, 1992. –Б.31.

10 Мәмбетов К. Қарақалпақ толғаўлары. –Нөкис: Билим, 1995. –Б.3-6.

utımlı tańlanǵan. 1990-jıllarda jámiyetimizde úlken siyasiy-tariyxıy burılıslar júz bergenligi málim. Milliyligimiz, ruwxıy, mádeniy qádiriyatlarımız, tilimiz, dinimiz turmısımızǵa qayta engizile basladı. Usınday tariyxıy sharayatta shayırdıń óz debdiwlerin beriwde «qudayǵa qol jayıp jalbarınıw» usılın qollanıwı oǵada tásirli shıqqan. Qosıqta lirikalıq qaharman tek ekologiyalıq apatshılıqtan ǵana emes, al ótken dúzim dáwirindegi jámiyetlik, siyasiy, sotsiallıq jaǵdaylardan da ruwxıy gúyzeliske túsedi.

«Tilińnen bez» – dedi bezdim tilimnen,
«Dinińnen bez» – dedi bezdim dinimnen,
Aldıńda bozlayın bolıp boz ingen,
Allam ápiw etkil awır gúnamdı.

Sheshenge sıyındım aldadı meni,
Kósemge sıyındım aldadı meni,
Basqa sıyınarım qalmadı endi,
Ráhim áylegil, qıynama jandı.[11]

Shayır lirikalıq qaharmannıń kózqarasları arqalı sotsializm jámiyetiniń qáte-kemshilikleri hám olardıń xalqımızdıń ruwxıy turmısındaǵı aqıbetlerin de qosıq mazmunına sińiredi. Qosıqtıń keltirilgen eki bántinde-aq oǵada úlken mazmun sáwlelengen. Burınǵı awqam quramındaǵı barlıq milliy xalıqlardı bir siyasiy ideologiya átirapına jámlewge urınıwshılıq aqıbetinde olardıń milliy ózinsheligi, barlıq ruwxıy, mádeniy baylıqları umıtılıp ketiw dárejesine alıp kelingenligi bizge belgili. Qosıqta usınday tujırımlı mazmundı emotsional jetkeriwde shayırdıń sóz tańlaw sheberligi, ásirese, uyqas ushın alınǵan sózlerdiń mazmunǵa qatnası áhmiyetli xızmet atqarıp kelgen. «Tilimnen», «dinimnen», «boz ingen» sózleri tek mázi

[11] Сейитов Ш. Қарақалпақ ғаррысының қудайға қол жайып жалбарыныўы // Әмиўдәрья. -Нөкис, 1990. -№5, -Б. 6.

qatarlardı uyqastırıp kelmesten, qosıqtıń emotsionallıq tásirsheńligin támiyinlewde ayrıqsha poetikalıq kúshke iye. Til hám din sózleri uyqastı támiyinlew menen birge qosıqta baslı dıqqat etilgen sózler sıpatında ózlerinde úlken mazmun jámleydi. Bul sózlerdiń birinshi bette beriliwi milliyligimizdi, ózligimizdi tanıwdıń áhmiyetin arttırıp turǵanday seziledi. «Boz ingen» sóziniń uyqas sıpatında alınıwı qosıqqa oǵada mas túsken. Xalıq tilinde «qattı qıynalıw», «ilajsız» mánilerin ańlatatuǵın «ingendey qayısıw» turaqlı sóz dizbegi qollanıladı. Shayır oǵan poetikalıq islew berip qıynalıwshılıqtı, ilajsızlıqtı ele de arttırıp kórsetetuǵın «boz ingen» dizbegin payda etedi hám bul lirikalıq qaharmannıń ruwxıy gúyzelislerin, tolǵanısların ele de kórkemleydi.

Ekinshi bánttegi mazmun «aldadı» sóziniń átirapına jámlenedi. Bul arqalı shayır 70 jıldan aslam biziń sıyınıp kelgen ideologiyamızdıń jalǵanlıǵın turmıstıń ózi dáliyllegenin kórkem sáwlelendiredi. Ulıwmalastırıp aytqanda, bul qosıq tek shayır poeziyasında ǵana emes, al pútkil qaraqalpaq poeziyasındaǵı belgili shıǵarmalardıń biri esaplanadı.

Haqıyqatında da, Ámiw menen Araldıń ólimi, tiykarınan alǵanda, biziń ana topıraǵımıdıń ólimi menen bara-bar ekenligi ıras. Bunı shayır poetikalıq túrde uluwmalastırıp, onı astarlı simvoliko-metaforalıq túrde oqıwshılarǵa eskertedi. Bular haqqında fililogiya ilimleriniń kandidatı Q.Turdıbaev:”Sh.Seytov poeziyassında ekologiya mashqalası” dep atalǵan maqalasın Ámiwdarya jurnalında járyalaydı.

Ádebiyatımızda Aral taǵdirin kópshilik jazıwshı- shayırlarımız tárepinen dóretilgenligin kóremiz. Bul qosıqtaǵı ǵarrı obrazı T.Qayıpbergenovtıń “O dúnyaǵa atama xatlar” roman-essesin yadqa túsiredi. Roman-essede epikalıq personaj bul dúnyanıń apatshılıǵın aytıp o dúnyadaǵı atasına shaǵınsa, Sh.Seyitovtıń lirikalıq qaharmanı

jaratqan qudayǵa jalbarınadı. Sonday-aq, shayır İ.Yusupovtıń bul temada jazılǵan bir qansha qosıqları da bar: «Aral elegiyaları», «Korablller qoyımshılıǵındaǵı eles», «Tırnalar», «Ońbaǵırlar, sattılar seni» h.t.b. Mısalı:

Tańlarım oyanbas tolqın sestinen,
Qaylardan alarman onday kúshti men,
Duzlı shańǵıt kórgen kóller ústinen
Bul jaǵısqa túspey barar tırnalar.

Quslardı-kólatsız, teńizdi-suwsız,
Qaldırǵan námartler qalmas sorawsız,
"Ǵarǵısqa jolıǵıp, barip qalıwsiz,
Tuqım qurt bolǵay dep!- barar tırnalar.

Bul keltirilgen qosıq qatarlarında shayır I.Yusupov ózin qorshaǵan ortaliiqqa qatnası, táshwishi, tolǵanısi jırlanǵan.

Sonday-aq, tábiyat penen insan arasındaǵı qatnastıń insan tárepinen buzılıwınan kelip shıqqan tragediya tek adamlar ushın ǵana emes, onda jasaytuǵın basqa tirishilik iyelerine de keri tasir tiygizip atırǵanına kúyinish, ókınish sezimleri menen bergen.

Salıstırıp qaraytuǵın bolsaq, bunda lirikalıq qaharman óziniń tırnalar menen bolǵan sáwbetin, jeke táshwishlerin óziniń qubılıslarǵa qatnasın ishki sezimlerin «lirikalıq men» arqalı bergen.

Shayır Sh.Seyitovtıń ekologiya temasın sáwlelendiriwde ózine tán usılı bar. Onıń «Kimge, nege kerek?» qosıǵı pútkil insaniyattıń táǵdirine ashınıp jazılǵan. Mıń táshwishli bul dúnyanıń xalıqsız hesh mánisi joq. İnsan ne jaratsa da, tábiyat inamları da tek xalıq ushın ekenligin ańlawdı shayır uqtırǵısı keledi hám xalıqsız olar «kimge, nege kerek?!», keleshek ushın dúnyanı asırayıq dep jar saladı:

Qullası,
Násilimniń táǵdiyrleri xalıq penen!-

Xalıq táǵdiyri qıynaydı!
Xalıq emes bul,-quwanıshım, táshwishlerim
-barlıǵım!
İláyım,
Mendey bolǵay gúllán xalıqqa tolayım,
Muhabbeti, miriwbeti, insannıń
Planetaǵa minnetdarlıǵı!...

Shayırdıń «Sarıatawda sulap atır torańǵıl!...» qosıǵı avtordıń tómendegishe monologı (óziniń wazıypası dep esaplaǵan másele) menen baslanadı: «Ásirimizdiń basında «Saǵal toǵayınan» «Grachevkanıń» ústi menen Nókis awılındaǵı Kóqózek boylarına sawılıp kelip, «Sarıataw» atanǵan bul dút toǵaydın usı tustaǵı japadan jalǵız yadıgarlıǵı ediń, Bayterek! Jawgershiliik jıllar ortańızdı qılıshtay qaq bólip, aralıqta namálim qábirstandı qaldırdı da toǵaylaslarıńnıń bir shoǵı «ResPO» poselkasına, bir shoǵı «Ot qaraz» tamanǵa shoǵırlandı. «Ot qaraz» bettegiń meniń tóbemdey tıypıllanıp, ornın alma baǵına, etajlı jaylarǵa, bul jerge kónlikpey ólim qala beretuǵın «ógey» aǵashlarǵa berildi. «ResPO» tamandaǵıń da meniń tislerimdey siyreksip qalıptı. Dál ortada ya anaw toparıńa, ya mınaw toparıńa jete almay munarlanıp, sen turar ediń. Bılay da, bılay da ketpey tuwılǵan jerde óliwdi sayańda emizip otırıp bayǵus anam da talay násiyatlaǵan shıǵar-aw!... Búgin, endi, mine, sen sulap atırsań! Jaǵıp jiberiwge kózleri qıymadı ma gazlesken awıllar seni tandır otın ushın da almay atır. Endi sen joqsań, Bayterek! «Bayterek bándirgisi», «Bayterek awılı» bar. Liykin, sen «Aqquwdıń qosıǵın» ayta almay kettiń, seniń ushın men aytıp beremen, táǵdirlesińniń bul perzentlik parızıdur!...»[12]. Elegiyalıq xarakterge iye bul qosıqta lirikalıq qaharmannıń ana tábiyattı joqlaw tásirli berilgen. Mısalı, qosıqtıń

[12] «Жоллар». –Нөкис: Қарақалпақстан, 1987, 80-бет.

birinshi hám ekinshi kupletinde lirikalıq qaharman ómirdiń ótkinshiligine muńaysa, ekinshi tárepten balalıq hám jaslıq dáwiriniń elesleri menen jıldıń tórt pasılına tán tábiyat parallel súwretlenedi. Bul dúnyadan ketken adam sıyaqlı tábiyattıń sáni torańǵıllar da qayta «tirilmeytugınlıǵı» lirik qaharmandı oylandıradı, tolǵandıradı.

«Sarıatawda» uslap atır!...-
Torańǵı-ıll!
Waqıt-Jarǵı,
Satır-sutır sulaytar!..
Keshe sońǵı sapar shekken joramdı,
«Erteń úyge keledi!...» dep...
Kim aytar?!

Ay, Quyash jo-oq!...
Shaqma-aq!...
Bulıtla-ar!..
Qarańǵı-ı!..
Nurdıń nırqın tún shıǵarar,
Tún aytır!..
Túnek-kórpe.-
Jaǵgıp atqan-
Torańǵı-ıl!!!-
Órtenip ól!!!
Bir párshem!.. dep,
Kún aytar!!..[13]

Qosıqta lirikalıq qaharmannıń ishki keshirmeleri, tábiyat qubılısları metaforalıq usılda súwretlengen. Mısalı, «Waqıt-jarǵı», «Túnek-kórpe» dizbekleri.

[13] Сонда. 81-бет

Shayırdıń «Sarıatawda sulap atır torańǵıl»[14] dep atalǵan qosıǵında parallelizm qollanılǵan. Báhár, jaz, gúz, qıs máwsimleriniń almasıwına baylanıslı torańǵıldıń tábiyiy kórinislerine (búr jarıw, japıraq jayıw, japıraǵı sarǵayıw, japıraǵı túsiw) insan ómiriniń dáwirleri (balalıq, jaslıq, orta jaslıq, kekselik) parallel qoyılıp súwretlenedi. Lirikalıq sharayat kem-kem rawajlandırılıp, torańǵıldıń sulawı hám insannıń sońǵı saparǵa atlanıwı ushlastırıladı. Tábiyiy hám ómirlik qubılıslardı ashıp beriwge qaratılǵan súwretlewler lirikalıq qaharmannıń ruwxıy halatın sáwlelendiriwge kóshiriledi. Torańǵıl hám insan táǵdirine baylanıslı lirikalıq qaharmannıń oy keshirmeleri, bahası, juwmaqları beriledi. Shayır parallelizmniń járdeminde ekologiyalıq sharayattı insan táǵdiri menen baylanıslı halda kórkem súwretleydi»[15].

Al «Akademik Marat Nurmuxamedovtıń Túrkiya saparına atlanarda tuwısqan respublikanıń bir ilimpazına aytqanı» dep atalǵan qosıq eki bólimnen ibarat. Birinshi bóliminde qaraqalpaq xalqına tán qásiyetler, milliy xarakter onıń turmısındaǵı ózgerisleri menen baylanısta alınıp, tariyxıy kózqarastan sáwlelendirilgen. Al qosıqtıń ekinshi bólimi bolsa qaraqalpaq jerindegi ekologiyalıq apatshılıqtıń kelip shıǵıw sebeplerine ishara etiledi, lirikalıq qaharmannıń muńlı túrde tábiyattıń baylıǵı –Araldan ayrılıp atırǵanlıǵın tilge aladı:

«Tuwǵan jer hásireti!...» -
Babamnan miyras qalǵan,
«Jerim jap-jasıl edi!...» -
Desem-hám bolar jalǵan!
...Araldıń tolqınların,
«Taw-taw» dep teńegenbiz,
Araldı-hám barıp-barıp,

[14] Сонда, -Б.79.
[15] Досымбетова А. Шаўдырбай Сейитов лирикасында көркем форма. (дәстүрий ҳәм жаңа формалардың синтези, сүўретлеў усыллары, еркин қосықлардың формалық өзгешеликлери).Канд.дисс. Нөкис, 2008. 76-бет

«Taw-taw duz!» der ekenbiz! (17-bet)

Solay etip, Sh.Seyitovtıń qosıqlarında zaman táshwishleri, dáwirlik problemalar, ulıwmainsanıylıq máseleler menen ekologiyalıq apatshılıq, Aral problemması súwretlenedi. Shayırdıń qosıqları tek belgili bir temaǵa qurılmastan ulıwma insaniyatqa tiyisli problemalardı ózinde sáwlelendiredi. Xalıqtıń sotsiallıq hám ruwxıy turmısınıń bir bólegine aylanǵan bul problema hár bir qosıǵında tilge alınadı. Mısalı, shayırdıń «Yadtaǵı mór» qosıǵında lirikalıq qaharmannıń pinhami sezimlerin sáwlelendire otırıp, tómendegishe qatarlardı da qosıqqa sińdirip jiberedi:

Maǵan muhabbetten sóz qozǵaw ersi,
Kelin betin shımıshır, kúler qızlarım,
Toylar, seyillerde «Chaykanı» kórsem,
Meni izlep tabar jaslıq tuslarım.
...Biygúna kózleriń, albırt júzleriń,
Jıllı nápesińdi esleymen joqlap!
Joqlap esleymen-aw Ámiwdáryanı,
Tayday tolqınlardı joqlap esleymen!...
Men seni eslesem, tuńǵısh páriyadım,-
... Sezbeymen-aw hasla, dáryanıń qashshan,
Tasqın kewlim kibi qaytıp qalǵanın! (64-65 betler)

Lirikalıq qaharman jaslıq kúnlerin esley otırıp, búgingi táshwishlerin bir zum umıtqanday boladı. Bul keltirilgen qatarlarda insan ómiriniń tábiyat penen tıǵız baylanıslı ekenligin tereń ańlaymız.

## 2.2. «Sárkarda hám túyege aylanǵan arqarlar haqqında qobız benen jırlanatuǵın ertek-dástan» hám «Qıyal atawı» shıǵarmalarınıń tematikası

Qaraqalpaq ádebiyatında ekologiya máselesi T.Qayıpbergenovtıń «Kózdiń qarashıǵı» romanı, «O dúnyadaǵı atama xatlar» roman-essesi, M.Seytniyazovtıń «Ámiw,Aral meniń ómirimde», O.Ábdiraxmanovtıń «Aralım-dartim meniń», Á.Atajanovtıń «Shólde», Á.Qarlıbaevtıń «Aral tolǵanısları» K.Allambergenovtıń «Quslar qaytqan kún», Ó.Ótewlievtiń «Teńizdiń jini», Sh.Seyitovtıń «Qıyal atawı» shıǵarmalarında súwretlenedi. Bul máseleniń kórkem ádebiyatta súwretleniwi haqqında bir qansha ilimiy maqalalarda, izertlew jumıslarında sóz etiledi[16].

Sh.Seytov talantlı lirik shayır bolıw menen bir qatarda, syujetli qosıqlar menen keń masshtablı, ótkir konflikt hám quramalı syujetlik motivlerge iye «Sárkarda hám túyege aylanǵan arqarlar haqqında qobız benen jırlanatuǵın etrek-dástan...», «Qıyal atawı» atawı sıyaqlı shıǵarmalardıń da avtorı boldı. Bul shıǵarmalarda biziń ótkendegi tariyxımız benen búgingi ekologiyalıq ayanıshlı halatlarımız kartinası keń túrde sáwleleniw taptı. Bul dóretpelerdiń dáslepkisi óz tereńliligi, tariyxıy shınlıqtı ertek-dástan túrinde súwretlew manerası menen ajıralsa da, sońǵısı da avtordıń jeke dóretiwshilik qıyalında pisip jetilisken qıyalıy syujetlerge bay bolıp kelip, olardıń ekewi de búgingi Qaraqalpaqstan tábiyatınıń qorlanıwın, suwsızlıq penen shólistanlıq basım bolıp baratırǵanlıǵın ashıp súwretlegen.

Shayır «Sárkarda hám túyege aylanǵan arqarlar haqqında qobız benen jırlanatuǵın ertek-dástan» poemasın ózi Kavkaz tamanǵa barǵanında biyik jar basında turǵan arqarǵa qoyılǵan estelikti kórip, ol tuwralı mashina aydawshı jigittiń áńgime- gúrrińin esitiwden, sol

[16] Нуржанов П. Дәуир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, Билим, 1993

ertek-gúrrińdi poemanıń syujeti etip aladı. Bul ańızǵa, ertekke de uqsas gúrrińde shofer jigit bul tek ǵana arqarǵa emes, al bizlerdiń tariyxımızǵa, Kavkaz xalıqları menen ulıwma Orta Aziya, túrkiy xalıqlarına qoyılǵan estelik ekenligin aytadı. Sebebi, bul arqar noǵaylılar hám taǵı basqa birlespelerde jasawshı túrkiylerdiń babaları menen sırlas bolǵan. Olardıń padasında túrli-túrli ańlar, birese sumlıǵı basım túlki, birese kúshli jolbarıs penen arıslan hám taǵı basqalar kún kórsetpey, baxtın ashpaǵan qusaydı. Sol waqıtları olar Kúndi Quday dep túsinip, sol Quday biyik shıńda taw basında jasaydımısh. Sonda sárkarda (komandir, kóshbası, odanbası arqar) arqar sol Kúnge-Qudayǵa jetiwdiń ǵamına kirisip, neshshe-neshshe shıńlardı asıp, qarlı ombalardı ırǵıp ótse de, Kúnge jete almaǵan. Ol jol boyı ashıwı kelgenlikten endi men bári bir Kúnge jetpey qoymayman, aytqanımdı qılmasa, sol Kún-Qudaydıń ózin shaqıma ildirip ılaqtıraman, degen patriotlıq baslamaǵa urınadı. Poema-ertekte, mine, sárkarda arqardıń usı háreketleri oǵada janlı hám tábiyǵıy túrde shınlıqqa jaqınlastırıp súwretlengen. Onda eń birinshi orında, álbette, sárkarda arqardıń hadallıq, teńlik ushın alıp barǵan háreketlerii joqarı turadı. Mısalı:

Nege bunsha Kún-Quday,
Bizdi qorlap oynaydı,
…Annan quwdıq, shıdadıq,
Mınnan quwdı – shıdadıq.
…Shıńǵa shapshıp baraman,
Aytaman da arzımdı:
«Dúze,-deymen-Barısıńdı!
Quyash bolsań, Qudaylıq
O`te,-deymen-Parızıńdı!
Ań patshası Arıslan,
Qay jırtqıshtan qalısqan ?!

Baz wáziri Túlkisi
Jurday İnsap, Namıstan!
Qazı etti qasqırdı,
Sonnan kórdik: «Bas! Qır!..»dı

Mine, bular, haqıyqattan da ań, haywanatlar arqalı tımsallap súwretlengen nağız insaniyat turmısınıń qupıyaları ekenligi birden-aq sezilip tursa da, shayır onı durıs tańlap tawıp, bulardı ózinshe ritm hám arqar tilinen tábiyğıy túrde kórsetip sáwlelendirgeni úlken poetikalıq wazıypa atqarıp tur. Usılarğa qosımsha shayır arqardı, óz patriotlıq wazıypasın atqarıw jolındağı alğa umtılıwları menen is-háreket, qıymıl-qozğalısların da mınaday túrde janlandırıp bergen:

Ushqın atıp tuyaqtan,
Mınaw arqar kiyatqan,
Tuqıllandı tuyağı,
Almas qırlı qıyaqtan.
...Qarğıp barar larlardan,
Orğıp barar jarlardan,
Omırawdan ombalap,
Irğıp barar qarlardan.
...Kewli tasıp baratır,
Hádden asıp baratır,
Qıyadashtı bawırğa
Búklep basıp baratır...
...Kún joq bunda qarasa,
Shıńnıń bası aq shatır.
Appaq bolıp qar jatır,
Otawı joq Quyashtıń.
Qardıń ústi tap-taqır!
... «Kóz jasımdı kórmeseń.

Quday atıń qurısın!»
…Shıqqan shıńı bipbiyik,
Shaqı qara bult kiyip,
Qudayına tullanıp,
Páske qarar bultıyıp…
«Jetsem dal-dal qılaman,
Bunday nahaq Qudaydı…
Taxtın emes, Quyashtı,
İldiremen shaxıma!...

Mine, usı pikiri menen ol Qudaydıń-Quyashtıń ǵarǵısına ushırap, ózi jasap atırǵan jerlerden – Kavkaz shıńlarınan da quwılıp, Orta Aziya qanǵıtıp jiberilgen túyelerge aylanıp ketken qusaydı. Bul, álbette, fol`klorlıq erteklik syujet bolsa da, insandı tereń oy jetegine baslaytuǵın hám patriotizmge tolı, soǵan qosa biziń xalqımız tariyxına júdá jaqın sıbaylas shınlıq bolıp, oqıwshılarǵa ayrıqsha tásir etedi.

Shıǵarmanıń realistlik syujetinde usı erteklik syujetti aytıp bergen jigit shayırǵa qarata bılay dewi de orınlı sıyaqlı seziledi:

Arqar emesdur,-
Estelikdur bul ornatılǵan arǵı babańa!
Sen Qırımnıń qoshqarı ediń,
Turannıń túyesine aylanmasıńnan burın!..
Endi bul jerlerge kurortqa keleseń,
Shólde óleseń!
Men ushın – tuwılǵan jer,
Sen ushın Kurort – Qırım!
Sen bunı saǵınbaysań, meni saǵınasań,
Men shóldi saǵınbayman, seni saǵınaman!
Sebep men shólde tuwılmaǵanman, al sen Kavkazda,

Qolǵa qol alısıp kórissek bazda,
Biotok arqalı tanır qandı qan,
Bildiń be, tuwısqan ?! (106-107-betler)

Bul dialog túrinde aytılǵan sózler avtordıń qıyalınan tabılsa da, shınlıǵı basım pikirler bolıp, shayır jáne de olardı taw-taslardı, hátteki babalar mazarstanların gúńirendirip otırıp, tereń terbenisler, oy tolǵawları menen qobız ırǵaǵına jaqın ırǵaqlarda jırlaǵan, sol ushın da shıǵarma poetikalıq salmaǵı basım dóretpe sıpatında júzege kelgen. Shıǵarmada shayır túye hám botasın joqlaǵan árwana menen botalardıń bozlaytuǵın sesleri arqalı búgingi shólistanlıqlardıń awır halatların júdá obrazlı etip sáwlelendirgen hám olardıń barlıǵınıń astarında búgingi ekologiyalıq problemalar jatır…

Bul poema da lirikalıq qosıq qatarları menen jazılǵan bolıp onda qıyalıy waqıyalar súwretlenedi. Shayır shıǵarmada folklorlıq súwretlewlerden sheber qollanadı. Mısalı, Sh.Seytov óz dóretiwshiliginde kóplegen kórkem súwretlew quralları hám troplar qollanılǵan. Folklordaǵı sıyaqlı alliteraciya, anaphora, epifora, metoforalıq súwretlewler qollanılǵan.

Mısalı: Sózlerdiń qosıq qatarlarınıń basında qaytalanıwı arqalı qaharmannıń ishki oy-pikirlerin tereńlestiredi:

Birewlerge altın taxt,
Birewlerge górdeyseń
Óziń jalǵız qudaysań.
Kóziń jalǵız qudaysań. (111-bet)

Qosıq qatarlarında dawıssız seslerdiń jiyi-jiyi qaytalanıp keliwi (kópshilik jaǵdaylarda sózdiń basında qaytalanıwı) arqalı folklorlıq tolǵawdaǵı forma hám mazmundı jańalay alǵan.

Taw dumannan tastúnek,
Tanıw múshkil oń-soldı
Túnekten ol qorqarma,

Túnnen qorqsa arqarma?!

Folklorlıq shıǵarmada qollanılatuǵI'n shártli ámellerdiń biri- janlandırıw. Súwretlenip atırǵan zatqa , qusqa, haywanǵa til pitip, adamday bolıp sóyleydi, oylaydı. Xalıq erteklerinde, dástanlarda tawlar gúmbirlep sol waqıtta til pitip, saza berip tilge keledi, batırdıń atına qıyın qıstaw waqıtta til pitip, adamday bolıp sóyleydi. Shayır tiykarǵı temanı sáwlelendiriwde, mazmundı tereńlestiriwde, mine, folklordaǵı usı ámelden orınlı paydalanǵan:

Bulıtlar sóyler tullanǵan:
"Bulıt bol da kósh bul mannan!..
"Óler bolsań janıp ól!..-
Shaqmaq ımlar bulǵańlap.
"Muz bolıp qat"- deydi qar
"Qus bolıp ush!" –der suńqar.
Arqarlıqtan basqanı,
Qálemeydi bul zańǵar!..lar.
"Kel!Kel!-deydi úńgirler.
"Ól-ól" –deydi úńgirler.
"Zar eńirep júr ılaǵıń
Tól! Tó-ól!!!" dep taw gúmbirler…

Bul jerde bulıtlarǵa, qarlarǵa tawlarǵa til pitip adamday bolıp sóylep janlandırıw xızmetinde qollanılǵan.

Shıǵarmada mifologiyalıq obrazlarǵa ayrıqsha sıpatlamalar berip ótken. Bálent shıńnıń basında turıwshı aq arqar quday menen eregisip oǵan arzın aytıp shaǵınadı

Urar bolsań shaǵaldi ur!
Eń kátqudań Túlkidur,
El taǵdiri kúlkidur,
Jawlastırsa jawlardı

Jeńilgen de jeńgen de,
Tásiliniń múlkidur,
Urar bolsań túlkini ur!
Bir zatına tiyippe?!-
Iyt kún bermes kiyikke,
Kóre almasań qudayımaw,
Neǵıp tursań biyikte?!

Demek, bul keltirilgen mısalımizda sol dáwirdiń ayanıshlı taǵdirin, jane' de ayırım insanlardıń óz nápsi jolında nızamlıqlarǵa da baǵınbaǵanlıǵı qarapayım xalıqqá kún bermesligi haywanlar obrazi arqalı júdá jaqsı berilgen. Bul shıǵarmada haywanatlar obrazı arqalı insanlardı súwretlep bergen.

Haq bendeńdi jılatpa,
Jol qoymaǵıl ǵılapqa,
Birewlerge tas atsań,
Birewlerge gúl atpa

Bul poemada mifologiya, yaǵnıy qıyalıy obrazlar arqalı súwretlengen. Yaǵnıy arqarlardıń quday menen sáwbetlesiwi, arzın aytıp shaǵınıwlari sıya qlı obrazlar berilgen. Tiykarinan bul poema Dawlen Aytmuratovqa arnap jazılǵan. Yaǵnıy bul haywanatlar arqalı jámiyettegi adamlar turmısın, teńsizliklerdi ayqın súwretlep jazǵan. Jane de ekologiyalıq apatshılıqlar Aral mashqalasi, yaǵnıy onıń qurıp ketiwleri de sóz etilgen. Mısalı:

Ápsanań kóp, sırıń mıń,
Qoshqarımeń Qirimnıń?!..
Bolarmısań, árwana,
Álqıssası jırımniń,
Endi Aral tolmaydı,
Sonda hám bále bolmaydı.

Demek, Sh.Seytov dóretiwshiliginde tábiyattı qorǵaw, Aral mashqalası ekologiyalıq apatshılıqlar hám olardiń kelip shıǵıw sebepleri ańız-áńgimeler arqalı janlandırıladı. Solay etip, shayır dóretiwshiliginde poeziyalıq, prozalıq shıǵarmalarında da ekologiya, tábiyattı qorǵaw máselwsi sóz etilgen.

Sh.Seytovtıń "Qıyal atawı" povesti ádebiyatımızda qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw temasin sheber súwretlegen dóretpelerdi'ń biri. Ol qosıq penen jazılǵan povest. Avtor bul povestti dóretkeni haqqında bılay jazadı:

«1984-jılı «Jetkenshek» gazetasınıń redaktorı Ábdimurat Atajanov «Tıń ashıwdı sıltawlap, kóp PMK lar tábiyattı qurıtıp jiberdi, sonsha qarar da shıǵıp atır, biz de aktivleseyik, sen bir balalar turmısınan povest jazıp ber» - dep ótinish etti. Birden kóz aldıma balalıqta kórgen tábiyat zuwlap kele qaldı, bul tábiyattı ǵoy, bizler kórdik, sekseninshi jılları tuwılǵanlar qaydan kóredi!... Usı oy meni kóp tolǵandırdı, biraq... hár qashan joqlaw poeziya boladı, ádebiyattı joqlawı bes beter ókinishli ári qayǵılı poeziya! Sebebi, adam ólse qayta tuwılǵanlar ornın toltıradı, al ólgen tábiyattıń ornı tolıwı neǵaybıl sawda. Sonıń ushın da bunı ókirip joqlaw kerek, biraq bul pessimistlikke alıp kelmey, úlken optimistlik penen juwmaqlansın. Áne, usı oy-sezim menen «Qıyal atawı» povestimdi qosıq penen jazıwıma alıp keldidaǵı, proza menen jazıwıma ıqtıyar bermedi, qosıq bolmasa sezimlerimdi joytıp alatuǵındayman, saǵınıshlarımdı, ármanlarımdı bere almaytuǵındayman»[17].

Poema mektep jasındaǵı balalarǵa arnalıp jazılıp, onda dáwirdiń eń aktual máseleleri bolǵan, jer, suw hám ekalogiya mashqalaları ortaǵa taslanǵan. Shıǵarmada bir qansha jas óspirimlerdiń obrazı sheber túrde ashıp berilgen. Shıǵarmada Qurban hám mama obrazı unamlı obrazlar sıpatında qaraladı.Ol Baxtiyar, Anvarlardı óziniń

[17] Сейитов Ш. Талант ҳәм тәгдир. // Әмиўдәрья, 1989, №6, -Б.98.

balası bolmaǵanlıqtan, olardi óz balasınday júda jaqsı kóredi. Olar mamanıń otının shawıp, suwın tasıp beredi. Anvar menen Baxtiyarǵa «pisirip jersizler» dep mama eki mayek beredi. Olar nar qamıslıqtıń arasında ketip baratırǵanda bir qustıń uyasına kózi túsedi. Barıp kórse ǵazdıń uyası eken. Ol jerde 8 mayek jatır, al qolında bolsa 2 mayek bar. Shıǵarmanıń syujetinde "Botakóz kól" dep atalǵan kólden uzaq bolmaǵan jerde mektepke qatnap jurgen balalar- Baxtiyar, Ánwarlar ǵazdıń segiz mayegin tawıp aladı . Dáslep balalar olardı kempir apası bergen eki mayekke qosıp pisirip jewdi oylaydı. Biraq Sharyar bul máyeklerdi úyindegi qurıq basıp atırǵan tawıqtıń astına saladı.Al, onıń óziniń jup máyegin ǵazdıń uyasına qoyıp ketedi. Kúnlerden kúnler ótip, úyde onlaǵan ǵaz palapanları payda boladı. Biraq olardıń nawadaǵı suwǵa, sharbaq átirapına kónligiwi qıyın boladı. Sonlıqtan Qurban mama olarǵa:

Kúyip turman jana-jana!
Obalın ayt dedi mama
Mınaw úydiń ulı Sharyar,
Is arttırıp qoydı hayyar!
Sol ǵoy bunı júrgen tawıp,
Óler boldı-aw shubar tawıq:
Bastırǵanman bolıp halek,
Azımshıq pa won bes mayek
Ózim ǵana jıynap edim,
Tamag 'ıma qıymap edim!
Ushıp ketse ǵallıǵalaq
Órtenbeyme ǵarip ana-aq
Nabıt boldı aw essiz tawıq
Barin SHaryar júrgen tawıp
Óz mayegin alǵan solǵo
Ǵaz mayegin salǵan solǵo

dep Qurban mamanıń janı ashıp Sharyarǵa baqıradı. Al, Sharyar bolsa tawıq degen hár úyde bar ǵazlar da kóbeysin dep edim dep maqtanadı. Lekin anasın perzentine zar qılmańlar dep mama jalınadı. Uluwma bul poemada Qurban mama obrazın sheber túrde súwretlegen. Ol da óz perzentinen ayrılǵan soń olardi óz úyirlerine qosıńlar dep balalarǵa aqıl-nasiyat beredi:

Men bilemen- jalǵızlıq ne?
Ákep qosıń úyirine!
Qońsi-qobam bolmaǵanda,
Abzal edi gór maǵan da!
Atawda ol jalǵız túyir,
Haslı bunda úyir-úyir.
Jalǵız janǵa keń dúnya-tar,
Jalǵızlıqtan shekpesin zar
Jalǵızlıqtan hátte jılan,
Shekpesin ǵam, shekpesin ǵam!
Alıp qaytıń shıraqlarım,
Shapqılańlar ılaqlarım!!...

Bul keltirilgen qatarlarda óz perzentinen, ómirlik joldasınan ayırılǵan bir baxıtsız ana obrazı sheber túrde súwretlengen.

Demek, kólde ǵazdıń uyasınan shıqqan eki jabayı tawıq úlkeye baslaydı. Bul tuwralı balalar “Jetkinshek” gazetasına xabarlaydı.

…”Jetkinshekte sensaciya
Tıńla,tıńla, tıńla, dúnya!
…Jup jubayı jabayı tawıq,
Uyalıǵa kelgen awıp,
Qashan, qaysı materikten,
Bul atawǵa kelip pitken?!
Jigirmaday shójesi bar,-

Gási qızıl gási shubar!...
Dur-dur ushar qırǵawılday,
Tawıq barma sira bunday?!...

-dep kópshilikke jar saladı. "Botakóz" kól ayrıqsha qorıqxanaǵa aylandırılıp, sol jabayı tawıq hám basqa da haywanatlar, quslar, ań túrleri saqlana baslaydı.

Botakóz kól bar ele de
Túrli quslar kóp keledi:
Ortasında "Uyalı ataw"
Óspirimge "Qıyal atawı!..

Shınında da qıyal atawı bul kórmegenge bir ertek sıyaqlı edi. Sebebi bunda haywanatlar dúnyası jolbarıs, túlki, maymul, krokodil ham basqa da haywanatlar, quslar jasaytuǵın bolǵan.

...Dúnyada dım kóp parkler
Joq bunıńday zooparkler!
Bunda bári jasar torsız
Zorsız Ánwar, Sharyar zorsız!
Bir semyada ań menen ań
Tatıw jasar hamme haywan!
Bunnan sabaq alsa bolar!

Aytıń doslar, aytıń qáne?
Bola qaldi hamme uw-shuw:
-Suw jetpeydi! -Suw kerek!..
-Suwwww!
-Dıqqat kerek tabiyatqa!..
-Xoshalliyar, bari yadta!!
-Aytıń barıp esen-aman!..
-Xosh , Baxtiyarr!...
... Povest tamam!

Demek, qorshaǵan ortalıqtı, tábiyattı kózdiń qarashıǵınday saqlaw povesttıń tiykarǵı ideyası bolıp esaplanadı. Shayır bul povestti jas óspirimlerge ápiwayı, túsinikli tilde ıqsham syujet penen tabıslı súwretlep bere alǵan. Bul povest jup uyqasltan quralǵan, 17 baptan ibarat bolıp, onda Baxtiyar, Sharyar, Anvar, Qurban mama, Ábdimurat, Paraxat, Jamiyla hám basqa da qaharmanlar qatnasadı. Bular "Kolumb da taba almaǵan" uyalı atawdı qıyal atawına aylandırǵan jas magellanlar sıpatında súwretlenedi. Povesttiń birinshi bólimi «Botakóz» kólin súwretlewden baslanadı. Soń shayır bas qaharmanlar Baxtiyar hám Ániwardı, olardıń ata-anası Álisher bajban menen Galya jeńgeydi tanıstıradı. Olardıń kásiplerin kórsetip ótedi.

Ekinshi bólimde tiykarǵı waqıya baslanadı. Shayır onı bılayınsha aytıp ótedi. Bul burın bunnan úsh jıl burın bolǵan edi... Soń ol tábiyattı súwretley kelip, Qurban mama haqqında, onıń jalǵız baslı ekenligi, eriniń joq ekenligin aytadı. Qurban mamaǵa Baxtiyar menen Ániwar kúnde járdem berip turadı. Bir kúni mama qoyı qozılaǵanı múnásibeti menen olardı miyman qıladı, soń olarǵa óziniń jıyıp qoyǵan eki máyegin berip jiberedi. Soń balalar úyine qaray qaytadı. Jolda olar ǵazdıń uyasına tap boladı. Ǵazdıń uyasında segiz máyek bar eken. Olar máyekti alıp taqıyasına saladı. Biraq, sol waqıtta bir torıala ǵaz olardıń aldın orap, sıńsıp jalınǵan hawaz benen jılaǵanday páslep ushıp izinen qalmaydı. Buǵan reyimi kelgen balalar ǵazdıń uyasına barıp, mama bergen máyeklerdi de qosıp taslap ketedi.

Úshinshi bólimde Qurban mamanıń úyindegi waqıyalar súwretlenedi. Sháryar mamanıń qurıq bolǵan tawıǵınıń máyekleriniń orınına ǵazdıń máyegin salıp qoyǵan hám ol máyekten ǵaz palapanları shıqqan. Bunı bilip qalǵan mama qattı qapa boladı. Sebebi, ǵaz palapanları taslap ketip, ana tawıqtı azapqa qoyadı deydi. Al Sháryardıń oyı basqa ol awılda da ǵazlar kóbeysin dep oylaydı.

Ashıwlanǵan mama tawıq hám palapanlardı atawǵa alıp barıwdı buyıradı.

Tórtinshi bólimde Sháryar, Ániwar hám Baxtiyardıń tawıqtı atawǵa alıp barıp taslaǵannan sońǵı waqıyaları súwretlenedi. Bul jerde ana tawıqtıń qıynalıwları hám palapanlardıń ushıp ketiwi súwretlenedi.

Besinshi bólimde balalar Qurban mamaǵa tawıǵıńız palapanın ayırdı, endi atawda ózi xan, ózi bek bolıp júr, biraq endi oǵan qoraz kerek aytadı. Mama tawıǵınıń jalǵız ekenin sezip, onı úyirine alıp kelip qosıw kerekligin aytadı. Soń tawıqtı óz úyirine kelip qosadı.

Altınshı bólimde shayır gúz kórinisin súwretleydi hám sol gúzde úsh balanıń óz ǵazların qayǵırıwın aytıp ótedi. Shayır gúz tábiyatınıń kórinislerin bala psixologiyasına tán usatıwlar arqalı sheber súwretleydi:

Gúz degeniń súwretshi eken,
Kelgenin de bildirmegen.
Bayterekke shıǵıp áste,
Tilladan puw úplep páske
Japıraq qoymay sayqallaptı,
Sayqallawı bayqalmaptı!
Boyap shıqqan tillá ireńge,
Torańǵıllar teńge, teńge!
Qızıl jıńǵıl soyaw-soyaw,
Jigildikde qıyal boyaw!

Jetinshi bólimde qıs máwsimi súwretlenedi. Qısta toǵay ishinde gezip júrgen balalar bir qoraz benen mákiyendi ushıratadı. Onı bayaǵı Kurban mamanıń úyindegi shubar tawıq dep oylaydı. Sóytip onı uslap mamaǵa alıp barıp bermekshi boladı. Keshke deyin quwadı, biraq olar uslatpaydı. Soń olar úylerine qaytadı. Úyge kelse, úy áywan-jáywan, qarawsız bolıp atır. Jumıstan sharshap kelgen Galya jeńgey ashıwlı, ol

balalardı urmaqshı edi, biraq olardı kórip pásine qaytadı. Ol ózin basıp balalardan ne qılıp júrgenligin soraydı. Balalar atawda jabayı tawıq kórdik deydi, biraq ol isenbeydi hám qattı ashıwlanıp uyıqlawǵa buyrıq beredi. Balalar túni menen tawıqtıń qaydan kelgenligi jóninde oylanıp jatadı.

Segizinshi bólimde túni menen tıpırshılap shıdamaǵan balalar azanda Sharyardan shubar tawıq jóninde soraydı. Ol tawıqtı keshte kórgenin, ózi dán salǵanın aytadı. Sonnan balalarda gúman payda boladı hám atawdaǵı tawıqtı jabayı degen juwmaq shıǵaradı.

Toǵızınshı bólimde balalar klassqa barıp bul jańalıq haqqında aytadı. Biraq klasslasları da, muǵallim de olardıń aytqanına isenbeydi, ústinen kúledi. Soń olar bul haqqında «Jetkinshek»ke jazıw pikiri payda boladı. Sebebi, Baxtiyar hám Ániwardıń jezdesi usı gazetada isleydi. Ol xabar alıwǵa may ayında keledi.

Onınshı bólimde balalardıń jabayı tawıqlarǵa dán-suw beriwi, olarǵa ǵamxorlıq etiwi súwretlenedi.

On birinshi bólimde klass balaları atawdaǵı jabayı tawıqlardı kóriw ushın keledi. Soń basqa da jabayı ańlardıń keliwin árman etedi. Mektep balaları óz tawıqlarına jabayı ǵazlardıń máyeklerin salıp, olardı bul jerge ele de úyirsek qılıwdı niyet etedi. Sebebi, quslar atawdan bezikpekte edi. Olar usılay shappat urısıp turǵanda buldozerdiń dawısın esitedi, balalar júwırıp barıp qarasa úlken jánjeldiń ústinen shıǵadı. Olar tıńnan jer ashıwshılar bolıp, toǵaydı súrip taslamaqshı eken. Buǵan Álisher bajban, Qurban mama hám awıl adamları, mektep balaları qarsı turadı. Sol waqıtta PMK nıń baslıǵı keledi. Ol adamlarǵa abay-siyasat etip óz maqsetine erispekshi boladı. Ol awıl adamların tıńlamay buldozershige alǵa qaray júriwge buyrıq beredi. Sonda buldozershi buǵan bılay deydi:

Buldozershi ırǵıp jerge`
«Kettim» dedi ministrge!

Toǵay qurtıw plan emes!`

Adam degen jılan eme-ess!-

Pashırlatıp basa almayma-an!

Hújdanımnan qasha almayma-ann!..[2] (146-bet)

Usı payıtta jurnalist Ábdimurat keledi hám ol akt dúzip joqarıǵa alıp ketedi.

On ekinshi bólimde jabayı tawıq haqqındaǵı xabar «Jetkenshek»te járiyalanǵanlıǵı haqqında waqıya súwretlenedi.

On úshinshi bólimde jazǵan xattan xabar joqlıǵı, atawdaǵı qus hám haywanlardıń joq bolıp baratırǵanlıǵı, suwdıń tamtarıslıǵı, balalar bolsa suwdıń keliwin hám jabayı úyrek, ǵazlardıń máyegin úydegi tawıqlarǵa bastırıp bul jerdi quslardı kóbeytiw ushın háreket etkenligi súwretlenedi. Balalar «İzvestiya» gazetasına xabar jollaydı.

On tórtinshi bólimde suw kóbeyip ǵárqalleziy zaman bolǵanı, hámme quwanıshlı, shad bolıp júrgeni haqqında sóz boladı. Shayır suw tolǵannan keyingi tábiyattıń gózzal kórinislerin súwretleydi.

On besinshi bólimde dúnya júzi «Uyalı ataw» dan, usı atawdaǵı jabayı tawıqlardan xabardar bolǵanlıǵı haqqında sóz baradı. Dúnya júzinen alımlar kelip, bul tawıqtıń qalay payda bolǵanı, onıń bul jerge qalay kelip qalǵanı haqqında pikir júritip, tájiriybe islep atırǵanı jóninde sóz boladı.

On altınshı bólimde jabayı tawıqtıń jaqsı qásiyetleri tuwralı aytıladı. Alımlar bul tawıqlardıń tosınnan payda bolmaǵanın, al ol bir waqıtları kimdur bolsa da taslap ketken jup máyeginen payda bolǵanı jóninde gáp boladı. Balalar bul gápke gúmanlanıp qaladı. Biraq kim salǵanın oylap túbine jete almaydı.

On jetinshi bólimde «Uyalı ataw»ınıń «Qıyal atawı»na aylanǵanlıǵı jóninde aytıladı. Bul jerge dúnya júzinen haywanlar, quslar alıp kelinedi`

Gostsirktiń shefi Ǵaybıl,

Taslap ketti eki maymıl,
Qızıl qumnıń mákkar múlki,
Ákelindi eki túlki.
Awızları kere qarıs,
Ákelindi jup jolbarıs...
Quslardıń bar lyuboy túri...
Zoolog keler Magadannan.
Hindler kelse joqlar pildi,
Evfrattan keler, Nilden.
Dúnyada dım kóp parkler,
Joq bunday zooparkler (151-bet)

Povesttiń sońında balalarǵa jáne ne jetispeydi? dep soraw beriledi. Sonda olar «Suw jetpeydi, tábiyatqa itibar jetpeydi» dep shuwlasadı hám povest tamam boladı.

İnsan hayran qalsa bolar,
Bunnan sabaq alsa bolar!
Ne jetpeydi bunda jáne
Aytıń, doslar, aytıń, qáne?!...
..Bola qaldı hámme uw-shuw:
-Suw  jetpeydi!
-Suw kerek!
-Suwww!...
-Dıqqat kerek Tábiyatqa!...
-Xoshalliyar, bári yadta!!
-Aytıń barıp esen-aman!...
-Xosh, Baxtıyarr!..
…Povest tamam!

Povestte qatnasatuǵın úsh bala tiykarǵı qaharmanlar bolıp esaplanadı. Usı obrazlar arqalı povesttiń alǵa qoyǵan ideyası, avtordıń niyeti ashıp barıladı. Shayır bul balalardıń individual obrazın jaratqan,

olar biri-birinen minez-qulqı, júris-turısı keskin ajıralıp turadı. Olardıń háreketleri, minezleri biri-birine uqsamaydı. Biraq olardı bir nárse - tábiyatqa mehir-muhabbat birlestirip turadı. Shayır balalar obrazın sonday sheberlik penen jaratqan, oqıp otırıp kóz aldıńa balalıq dáwir, balalardıń kelbeti keledi.

Povestte taǵı bir tiykarǵı orında turatuǵın obrazlar` Qurban mama, Álisher bajban obrazları.

Qurban mama obrazı` Jalǵız baslı kempir, onıń eri urısta ǵayıp bolǵan. Qurban mama balalarǵa kóp aqıl násiyat beredi. Olardıń tárbiyasınıń durıs bolıwına, xızmet etedi. Shayır Qurban mama obrazı arqalı balalardı durıslıqqa baǵdarlap baratuǵın ana obrazın jarata alǵan. Sonıń menen birge, Qurban mama tábiyattıń joq bolıp ketiwine qarsı. Ol tıńnan jer ashıwshılarǵa qarsı turadı, onıń bul háreketleri arqalı qaysar analardıń obrazın kóz aldımızǵa keltiriwge boladı.

Álisher kásibi bajbanlıq etiw bolǵanlıqtan toǵaydı qorǵawdı ádiwli wazıypası dep biledi. Sonıń menen birge, ol qattı qol, ádil adam sıpatında da kózge taslanadı. Onıń bul qásiyetin PMK baslıǵı menen sóylesiwinde anıq kóriwimizge boladı. Ol baslıqtıń qaǵazın tuwram-tuwram etip jırtıp, toǵay qurtıw ádillik emes ekenligin uqtıradı. Shayır bajban obrazı arqalı tábiyatqa, el halqına pidayı insanlardıń obrazın bere alǵan.

Sonıń menen birge, povestte adamnıń oyında qalatuǵın jáne bir obrazlar Ábdimurat jurnalist hám buldozershi obrazları. Ábdimurat toǵaydıń qurtılıwına janı ashıp onı keń jámiyetshilikke jetkeriwdi óz wazyıpası dep biledi. Atawdı qorǵap qalıw ushın qolınan kelgen járdemin ayamaydı. Buldozershi bolsa adamlardı basıw bul jawızlıq ekenin bilip óziniń jumısın taslap ketiwi arqalı oqıwshınıń kewilinde ózgeshe iz qaldıradı.

Al olarǵa qararma-qarsı PMK baslıǵı obrazı. Shayır bul obraz arqalı sol dáwirdegi tek plandı oylaytuǵın, al xalıq mápi menen

esaplaspaytuǵın basshılardıń tipik obrazın jaratqan. Onıń sózlerinen, háreketlerinen menmenlik, hóktemlik sezilip turadı. Baslıq tek ǵana óz sózin durıs dep esaplaydı. Ol sırtqı kelbeti, háreketleri arqalı óziniń qanday adam ekenligin kórsetip turadı. Mısalı:

«Shúyik!»-toqtadı legkovoylı,
Irǵıp tústi kelte boylı,
Qarap-qarap, alma-gezek,
Qızdı birden bezek-bezek.
-Esińde me tyurma degen!..
Saǵan kim bul «súrme» degen?!
-Baslıǵı men-PMK nıń!
Planda tur meniń janım!
Sen be bajban?! Mine qaǵaz!
Joldı bosat! Tıyılsın waz! (145-bet)

Shayır bul obraz arqalı shıǵarmanıń ideyasın tolıq túrde ashıp bere alǵan. Sonıń menen birge, povestte epizodlıq obrazlar Seydabulla, Paraxat, Áziza, Jámiyla, Dámegúller háreket etedi. Bular povesttiń ideyasın taǵı da bayıtıw ushın xızmet etip tur.

Demek, bul "Qıyal atawi" shıǵarması lirikalıq qosıq qatarları menen jazılıp epikalıq syujet (waqıya) bayanlanıp, liro-epikalıq janrdıń talaplarına juwap beredi. Bul shıǵarmalardı oqıw arqalı bizler watan topıraǵınıń qáwip astında qalıp atırǵanlıǵın ańlaymız.

Juwmaqlastırıp aytatuǵın bolsaq, Sh.Seytovtıń "Qıyal atawı" shıǵarması ekologiya mashqalasına arnalǵan, mektep jasındaǵı balalar turmısınan alıp jazılǵan.

# JUWMAQLAW

Uluwmalastırıp aytatuǵın bolsaq, biz bul pitkeriw qánigelik jumısımızda qaraqalpaq ádebiyatında óziniń poeziyalıq, prozalıq dóretpeleri menen belgili bolǵan shayır hám jazıwshı Sh.Seyitov dóretiwshiligine toqtap óttik. Ol XX ásir qaraqalpaq ádebiyatın tertn lirizm, tereń filosofiyaǵa tolı poeziyası hám keń masshtablı, kórkemligi joqarı liro-psixologiyalıq povest, romanları menen bayıtqan talantlı kórkem sóz sheberi.

Sh.Seytovtıń poeziyada "Jollar", "Úshpelek", "Tawlardan saza", "Soqpaǵım meniń qaydasań?", "Qiyal atawı" atlı toplamları jariyalanǵan. Onıń qosıqları janrlıq ózgesheligi, yaǵnıy dástúriy forma hám erkin qosıq formasına qurılıwı menen ayrıqshalandı.

Shayırdıń poeziyasınıń tematikası hár qıylı. Qanday temada jazsa da shayırdıń tiykarǵı niyeti - insan hám onıń keleshegin, turmısın jırlaw. Shayırdı gumanist dep atasaq asırı aytqan bolmaymız. Biz tallawǵa tartqan hár bir shıǵarmasında avtordı gumanist obrazında kóre alamız. Shayırdıń jáne bir ózine tán ózgesheligi –ol shıǵarmaların dúrkinlestirip, belgili ideya-tematika, problema astında jámlestirip beredi («Ayǵabaǵar Ayǵa baǵar!», «Hár bir qosıǵımda urıs sarsıǵı», «Góristandaǵı gúbirliler» h.t.b.). Bul dúrkinlerge biriktirilgen qosıqlarınıń lirikalıq qaharmanı tiplik xarakterge iye. Lirikalıq qaharman sezimleri, oy-pikirleri pútkil insaniyat táǵdiri menen baylanıstırılıp beriledi. Sonlıqtan, oqıwshı shayır qosıqlarınıń

tematikasın dárhal ańlawǵa qıynaladı. Shayır qosıqlarınıń mazmunında ápiwayılıqtan kóre quramalılıqtı, qospalı oy-pikirlerdi sáwlelendiriwdi maqul kóredi.

Jumısta shayırdıń ekologiyası problemasın sáwlelendiriwdegi ózine tán ózgesheligi máselesi úyrenildi. Bul temanı súwretlewdegi ózgeshelik tómendegilerde kórinedi dep qarawǵa boladı:

1.Bul temanı sáwlelendiriwde ápiwayı, sıqaǵı shıqqan atamalar emes, al shayır oqıwshısına tez tásir etip, ózine tartatuǵın atamalardı tańlaydı. Mısalı, «Kimge, nege kerek?!», «Keleshek górdeyme eken, jerdi de jerleydi me eken», «Qaraqalpaq ǵarrısınıń qudayǵa qol jayıp jalbarınıwı», «Sarıatawda» sulap atır torańǵıl!», «Qıyal atawi », «Sárkarda hám túyege aynalǵan arqarlar haqqında qobız benen jırlanatuǵı ertek-dástan » h.t.b. atap ótsek boladı.

2. Joqarıda aytıp ótkenimizdey, shayır poeziyasında tikkeley ekologiya temasına arnalǵan, sonıń menen birge bul problemanı insaniyattıń basqa problemaları qatarında ulıwmalastırılıp súwretlegen shıǵarmaları da bar. Mısalı, joqarıda atı atalǵan shıǵarmaları tikkeley ekoloiya temasına arnalsa, al «Yadtaǵı mór», «Tuwılǵan awıl» h.t.b.

3. Bul temada jazılǵan qosıqları mazmunı hám forması jaǵınan folklordaǵı tolǵawdı esletedi.

4. Shayır ekologiya problemasın súwretlewde folklorlıq motiv hám syujetlerden paydalanǵan. Mısalı, «Sárkarda hám túyege aylanǵan arqarlar haqqında qobız benen jırlanatuǵın ertek-dástan» poemasında erteklik syujet qollanılǵan.

5. Sonıń menen birge folklordaǵı súwretlew usıllarınan alliteratsiya, anafora, giperbolalar sheberlik penen isletilgenligin kóremiz.

Shayırdın bul dóretpelerinde ekologiya máseleleri, tábiyat hám insan turmısı, insannıń ishki kehsirmeleri hám ómirdegi orını máseleler tolıq óz súwretleniwin tapqan.

Shayırdıń «Keleshek górdeyme eken, jerdi de jerleydi me eken» degen qosıǵında Aral, Ámiw taǵdiri, onıń keleshekte qanday bolıwı haqqın da oyların kóremiz. Al «Qaytarıp ber Amiwdaryamdı» qosıgıında bolsa bul joq bolǵan, qurıǵan ten`izdi qayta toltırıw, ol ushın ne qılıw kerekligi, aqırı xalıq «tilinen, dininen bezdi», biraq ten`izden ayrılsa ku`ni qanday keshedi degen tragediyalıq awhal su`wretlenedi.

Solay etip, shayır poeziyasında ekologiya teması o`zine ta`n ayrıqsha formada, jan`asha su`wretlew usılları arqalı o`z sa`wleleniwin tapqan.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar


1.Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. –Нөкис: Билим, 1994, -Б.210.

2.Ахметов.С Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988.

3. Ахметов.С Қарақалпақстан Республикасының жазыўшылары . –Нөкис, «Билим», 1995.

4.Аяпов А. Ш.Сейитовтың публицистикалық лирикасында лирикалық қаҳарман ҳәм оның руўхый дүньясы.// ӨзРИАҚБ хабаршысы, №1, 2009.

5.Бекбергенова З. Қарақалпақстан Республикасы жазыўшылары. Ташкент: Extремумпресс, 2011.

6.Досымбетова А. Ш.Сейитов лирикасында көркем форма. Канд.дисс. Нөкис, 2008. 76-бет

7.Жәримбетов Қ. Әдебияттаныўдан сабақлар. Нөкис: Қарақалпақстан, 2012. –Б.20.

8.Камалов Қ., Мәмбетов Қ. И.Юсуповтың «Посейдонның ғазеби» аллегориясында экология мәселелериниң сүўретлениў өзгешелиги. //«Қарақалпақстан муғаллими», 2000, № 3-4. –Б.50-53.

9.Каримов И. А. Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш.Ташкент, «Манавият», 2008, 136-бет

10.Мәмбетов К. Қарақалпақ толғаўлары. –Нөкис: Билим, 1995. –Б.3-6.

11.Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебияты. –Нөкис, Қарақалпақстан, 1993

12. Нуржанов П. Верлибр ҳаққында ойлар. // Әмиўдәрья. –Нөкис, 1990. -№ 5.

13.Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. –Нөкис: Билим, 1992. –Б.31.
14.Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. –Нөкис: Билим, 2004.
15.Сейитов Ш. Жоллар. Нөкис, Қарақалпақстан,1987.
16.Сейитов Ш. Қарақалпақ ғаррысының қудайға қол жайып жалбарыныўы. // Әмиўдәрья. -Нөкис, 1990. -№5, -Б. 6.
17.Сейитов Ш. Қыял атаўы. Нөкис, Қарақалпақстан,1995.
18.Сейитов Ш. Таўлардан саза. -Нөкис, Қарақалпақстан, 1970.
19.Сейитов Ш.Соқпағым мениң қайдасаң. Нөкис, Қарақалпақстан,1966.
20.Сейитов. Ш.Талант ҳәм тәғдир. // Әмиўдәрья, 1989, №6, -Б.98.
21.Турдыбаев Қ. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ поэзиясы. Нөкис, Қарақалпақстан, 2011.
22. Турдыбаев Қ. Ш.Сейитов поэзиясында экология машқаласы. // Әмиўдәрья, 2010, №6
23. Юсупов И. Шығармалары 2 томлығы. Нөкис, Қарақалпақстан, 1992.